



Siswadi

KRIDHA BASA 2

Kanggé Klas 2
SMP

PT INTAN PARIWARA

Telah disahkan penggunaannya di sekolah dengan
Keputusan Direktur Jenderal Pendidikan Dasar dan Menengah
Departemen Pendidikan dan Kebudayaan

Nomor : 194/C/Kep/R/90

Tanggal : 16 Juli 1990

Berlaku : selama 5 (lima) tahun

Kridha Basa

2



Kanggé

Klas 2

Sekolah Menengah Umum Tingkat Pertama
(SMP)

owner:

Theresa Sentiawati



Karacik déning

Siswadi

Edisi Kapisan

1988

PT INTAN – PARIWARA
Penerbit dan Percetakan

Hak cipta dilindungi undang-undang pada: Pengarang

Hak penerbitan pada : PT Intan Pariwara
Anggota IKAPI Nomor 006

Dicetak oleh : PT Macanan Jaya Cemerlang
(Isi di luar tanggung jawab pencetak)

Perancang kulit : Endra Sutapa

Ilustrasi : Jonipan

No. Kode Penerbitan : 298/88

Kantor Pusat : Jl. Beringin, Klaten Utara, Kotif Klaten 57438.
Kotak Pos 111 Telp. (0272) 21461, 21890, 22012, Fax. 22021

Bebukaning Atur

Nuwun, para nupiksa.

Ngaturi wuninga, bilih buku *Kridha Basa SMP* punika ngewrat racikaning wulangan basa Jawi ing SMP, kados ingkang kapacak wonten ing salebetipun *Garis-garis Besar Program Pengajaran Bidang Studi Bahasa Jawa, Departemen Pendidikan dan Kebudayaan* babaran pungkasan.

Urutaning wulangan ing salebetipun buku punika kadamel cèples kaliyan urut-urutaning *pokok bahasan* ingkang kawrat wonten ing salebetipun *Garis-garis Besar Program Pengajaran (GBPP)* punika.

Pamrihipun, sageda nggampilaken para kadang guru saha para anak murid ingkang sesarengan nindakaken *kegiatan belajar mengajar bidang studi* basa Jawi.

Latihan saha garapan ingkang kapacak wonten ing salebetipun buku punika kacawisaken kanggé para anak murid wonten ing sekolah-an punapa déné wonten ing griya, minangka *garapan kokurikuler*. Sami kawuningan bilih garapan *kokurikuler* ingkang kacawisaken saha dipun tandangi ing samesthinipun punika nyengkuyung lumampahipun cara sinau ingkang kawastanan *Cara Belajar Siswa Aktif (CBSA)*, ingkang tndonipun ndayani rumesepipun wulangan saged tumanem wonten ing telenging manahipun para anak murid, wekasan para anak murid saged munpangataken wohing wulangan punika ing saprayoginipun.

Kula pitados, buku punika taksih kathah kirang saha cewètipun. Awit saking punika sadaya panyaruwé badhé kula tampi kanthi bingahing manah lan atur panuwun ingkang tanpa upami.

Panutuping atur, mugi-mugi buku *Kridha Basa SMP* punika saged suka sumbangsih sawatawis tumrap ajenging basa, bangsa lan nagari. Nuwun.

Klaten
Maret 1988

Aturipun pangracik


Isi Buku

Bebukaning Atur	i
Wulangan ka-1	1
Wulangan ka-2	8
Wulangan ka-3	14
Wulangan ka-4	21
Wulangan ka-5	28
Wulangan ka-6	35
Wulangan ka-7	42
Wulangan ka-8	49
Wulangan ka-9	55
Wulangan ka-10	63
Wulangan ka-11	69
Wulangan ka-12	76
Kapustakan	84

Wulangan ka-1

I. A. Wacanen kang patitis!

Sinau



- Agung : Mbak, Mbak, mbok aku diajari!
Asih : Diajari apa, Dhik?
Agung : Carané sinau. Bèn bijiku apik kaya bijiné Mbak Sih.
Asih : Genah bijimu ya wis apik ngono kok,
Agung : Mbok ora ngenyèk, Mbak. Mbak Sih rak ya ngerti ta, yèn bijiku pas-pasan. Kurang sethithik baé, aku ora munggah lho, Mbak.
Asih : Dadi, karepmu bèn bijimu luwih apik tinimbang sing uwis-uwis. Ngono pa piyé?

- Agung : Hee. Oraa juwara, ning mbokya katut sepuluh besar. Ora ajeg pethit kaya sing uwis-uwis.
- Asih : Gampang, Dhik. Takkandhani ya!
- Agung : Iya, Mbak.
- Asih : Sing wigati, wong sinau kuwi ora mung angger maca.
- Agung : Lha terus piyé, Mbak?
- Asih : Yèn mung waton maca, janji ora wuta sastra, ora buta huruf, angger uwong mesthi bisa. Wong sinau kuwi karepé rak karebèn apal, mudheng, cemanthèl, lan bisa nindakake isiné sing disinau, ta? Iya ora?
- Agung : Hee, Mbak. Ning,
- Asih : Ning piyé?
- Agung : Ya nggon karebèn apal, mudheng, lan cemanthèl kuwi sing angèl.
- Asih : Supaya gampang apal, mudheng, lan cemanthèl olèhmu maca kudu bola-bali, tur pirang-pirang rambahan.
- Agung : Bola-bali tur pirang-pirang rambahan ki piyé ta, Mbak, karepe?
- Asih : Ngéné. Upamané, dina iki kowaca pindho, sésuk kowaca manèh pindho, lan bésuk embèn kowaca pindho manèh. Kuwi jenengé kowaca pindho, telung rambahan. Kuwi éntuk-éntukané béda banget karo yèn kowaca ping nem ning mung sarambahan. Wis mudheng ta, Dhik?
- Agung : Wis, aku wis mudheng. Terus piyé, Mbak?
- Asih : Kajaba kudu kowaca bola-bali tur marambah-rambah, yèn wulangan mau ana gambaré, upamané gambar kar utawa peta, gambar kuwi kudu kotamataké sing tenan.
- Agung : Bèn apa, Mbak?
- Asih : Padhané kaé lho, Dhik. Yèn kowé kenalan karo uwong, yèn kowé weruh wongé tur ketemuné bola-bali, mesthi gampang kèlingan. Nanging yèn ketemumu arang-arang, saya yèn mung sepisan ji, kowé mesthi gampang pangling.

- Agung : Bener, Mbak, kandhamu.
- Asih : Kajaba kuwi, karo maca mau yèn kowé nanggori tembung-tembung sing wigati, utawa ukara-ukara sing dadi bakuning gagasan, tembung utawa ukara-ukara kuwi wènèhana tenger. Upamané kogaris ngisoré, utawa koemblok nganggo pulas.
- Agung : Utawa diemblok nganggo, apa Mbak kaé jenengé?
Stabillo?
- Asih : Hee, upamané nganggo stabillo. Sabanjuré, yèn kowé wis rumangsa apal lan mudheng, nyobaa gawé pitakon-pitakon sing magepokan karo bab utawa prakara sing kowaca kuwi. Pitakon-pitakon kuwi wangsulana dhéwé. Kanthi cara-cara kuwi kowé mesthi cepet mudheng tur cemanthèl. Cobanen!
- Agung : Iya, Mbak arep tak coba. Matur nuwun ya, Mbak.
- Asih : Ngonu wé thik ndadak nganggo matur nuwun barang.
- Agung : Lha piyé, diajari apa ora matur nuwun.
- Asih : Ya wis, padha-padha.

B. Wangsulana kang patitis!

1. Agung njaluk diajari apa?
2. Géneya Agung njaluk diajari carané sinau?
3. Sing uwis-uwis bijiné Agung kepriyé?
4. Wong sinau kuwi ora kena mung angger apa?
5. Coba critakna ringkes baé piyé carané sinau sing becik!

C. Wacanen sing patitis, tembung sing cap-capané kandel kedalna sing trep!

1. Sing wigati, wong sinau kuwi ora mung angger maca.
2. Kula matur saleresipun, kula boten matur dora.
3. Yèn wulangan kuwi ana gambaré, gambar kuwi tamatna!
4. Mbak, aku ajarana carané sinau sing becik!
5. Oraa juwara ning mbokya katut sepuluh besar.

II. A. Ceceg-ceceg ing ngisor iki isènana tembung sing cocog, sing cumawis ing sisih tengen!

1. Wulangan ing SMP setaun kapérang dadi rong
2. Déné wulangan ing SD setaun kapérang dadi telung
3. Saben rampung nerangaké sak bab, Pak Guru nganakaké
4. Sawisé rampung rong bab utawa luwih, Pak Guru nganakaké
5. Bocah-bocah nggawa iwak banyu kanggo bahan ... IPA.
6. Sawisé wulangan sasemèster rampung, banjur dianakaké
7. Buku Laporan Pendidikan uga diarani buku
8. Saliyané wulangan sing sipaté kurikulum, ana wulangan sing sipaté kokurikulèr, lan ana sing sipaté

- a. praktikum
- b. semester
- c. tèst formatif
- d. tèst sub-sumatif
- e. caturwulan
- f. tèst sumatif
- g. rapot
- h. èkstra kurikulum

B. Tembung-tembung ing ngisor iki gawénen ukara sing luwes!

- | | |
|-------------|-------------|
| 1. rèngking | 6. lès |
| 2. nunggak | 7. kursus |
| 3. absèn | 8. ujian |
| 4. diskusi | 9. tèst |
| 5. tutor | 10. mungguh |

III. Tuladha:

1. Agung sinau. (ukara tanduk tanpa lésan)
2. Asih ngajari adhiné. (ukara tanduk mawa lésan)
3. Agung diajari Asih. (ukara tanggap)

A. Ukara-ukara iki aranana jenengé kaya tuladha ing dhuwur!

1. Maryam kramas.

2. Siti ngramasi adhiné.
3. Nunung dikramasi mbakyuné.
4. Bayu digoncèngaké Bima.
5. Ratih nggoncèngaké Wahyuni.
6. Pakdhé lagi saré.
7. Budhé durung kondur.
8. Dhik Bawa didukani Bulik.
9. Sinta ditimbali Bu Guru.
10. Tarmana sida lunga.

B. *Tembung-tembung iki gawènen ukara sing luwes, lan aranana jenengé ukara apa!*

1. adus
2. ngedusi
3. didusi
4. ndhelik
5. ndhelikaké
6. didhelikaké
7. mangan
8. makani
9. dipakani
10. dipakakaké

IV. Tulisen nganggo aksara Jawa!

1. Agung tuku jagung.
2. Sapar ajar ngarang.
3. Ratih durung mulih.
4. Wahyu nyilih bukuku.
5. Budhé durung rawuh.
6. Kadir lunga ngalor.
7. Galuh gawé juruh.
8. Sukir cengar-cengir.
9. Garèng bocah cèngèng.
10. Salèh kejegur sumur.

V. Tuladha:


- a. Jayus **dipun dukani** Pak Guru amargi boten numpuk PR.
(ukara krama alus)
 - b. Jayus **didukani** Pak Guru amarga ora numpuk PR.
(ukara ngoko alus)
- A. *Ukara-ukara krama alus ing ngisor iki owahana dadi ngoko alus!*
1. Agung **dipun pundhutaken** Pakdhé sepatu rodha.
 2. Dhik Andri **dipun timbali** Bulik, **dipun paringi** angsal-angsal.
 3. Mas Langgeng **dipun dangu** Budhé prekawis seratipun Mbak Anggit.
 4. Griyanipun Lik Landhung, pekawisan, lan rajakayanipun, sedaya **dipun pundhut Bapak**.
 5. Ibu **mundhut** durèn, badhé **dipun caosaken** Bu Camat.
 6. Dhuwungipun Pakdhé **dipun agem** Bapak.
 7. **Titihanipun** Bapak **dipun pundhut** ngampil Pakdhé.
 8. Coklat susunipun **dipun unjuk** Budhé, kopinipun **dipun unjuk** Pakdhé.
 9. Kula **dipun timbali** Embah, **dipun ngendikani** kathah-kathah bab anggèn kula badhé nglajengaken sinau dhateng manca negari.
- B. *Gawéa ukara krama alus utawa ngoko alus, nganggo tembung-tembung ing ngisor iki!*
1. dipun midhangetaken
 2. dimidhangetaké
 3. dipun ngendikakaken
 4. dingendikakaké
 5. dipun dhèrèkaken
 6. didhèrèkaké
 7. dipun dhawuhaken
 8. didhawuhaké
 9. dipun paringaken
 10. diparingaké

VI. Rembugané Agung karo Asih ing wacan ing dhuwur apalna karo kancamu ana ing ngarep klas! Kowé dadi Agung, kancamu dadi Asih. Utawa, kowé sing dadi Asih, kancamu sing dadi Agung.

Wulangan ka-2

I. A. Wacanen batin!

Tlaga Sarangan



Ing èrèng-èrèngé Gunung Lawu jring kidul wétan ana tlaga, jenengé Tlaga Sarangan. Yèn dietung saka lumahing segara, papan dunungé Tlaga Sarangan kuwi kègolong dhuwur, watara 1.300 meter. Saka Mediyun, dohé Tlaga Sarangan watara 41 kilometer. Yèn arep menyang Tlaga Sarangan, yèn numpak bis mung bisa tekan Désa Ngerong. Jalaran, saka Ngerong kono dalané wiwit ndeder. Saka Ngerong kepeksa disambung laku dharat, nunggang jaran, utawa numpak montor cilik.

Yèn trima mandheg ana ing Ngerong, ing kono ana papan kanggo seneng-seneng, wujudé blumbang kanggo langèn, jenengé "Taman Tirta". Saben dina, luwih-luwih ing dina

Minggu, akèh wong padha langèn ana ing Taman Tirta. Yèn wis katog anggoné padha lelangèn, yèn kepéngin memangan ing Ngerong uga ana rèstorané. Sing kepéngin nginep, ing kono uga disedhiyani hotèl utawa omah panginepan.

Sarangan kuwi hawané adhem, nanging ora nganti njekut. Mula, cocog banget kanggo papan palancongan utawa papan patirahan, ora béda karo Pacet, Trètès, Tawangmangu, Baturadèn, lan Puncak.

Tlaga Sarangan kuwi jerone watara 30 mèter, banyuné anyep kaya ès. Mula, ora kena kanggo adus utawa kanggo langèn. Sing kepéngin seneng-seneng, ing tlaga disedhiyani prau séwan cilik-cilik manéka warna. Sing ora wani praon ora perlu kuwawar. Ing kono para palancong bisa ngemataké éndahing sesawangan karo mlaku-mlaku utawa nunggang jaran liwat dalam sing ngupengi tlaga sing dawane watara 3 kilomèter.

Tlaga Sarangan kuwi banyuné ora tau asat. Mangsa ketiga lan mangsa rendheng banyuné ajeg agung, kimplah-kimplah bening biru maya-maya. Sababé ora liya déné alas ing sakiwa tengené tlaga kuwi kopèn banget, ora dicecamah ing tangan-tangan nggrathil, tangané wong-wong sing ora tanggung jawab marang lestarining alam.

Alas ing sakiwa-tengené Tlaga Sarangan kuwi saliyané ngayomi tandon banyu tukung Tlaga Sarangan, uga muwuhi segering hawa ing papan kono. Kajaba saka kuwi, sarèhne ajeg ditata lan diupakara, alas mau uga ngimbuhi asri lan éndahing sesawangan.

B. Wangsulana kang patitis!

1. Tlaga Sarangan kuwi dunungé ana ngendi?
2. Pira dhuwuré Tlaga Sarangan saka lumahing segara?
3. Généya tumpakan gedhé saka Mediyun menyang Tlaga Sarangan kudu mandheg ana ing Ngerong?
4. Généya Tlaga Sarangan ketiga rendheng banyuné ora tau asat?
5. Apa sing bisa ngimbuhi éndahé Tlaga Sarangan?

C. Wacanen kang patitis!

1. a. Tlaga Sarangan kuwi banyuné anyep kaya ès.
b. Tlaga Sarangan kuwi banyuné kepriyé?
2. a. Sing kéték kelap-kelip kaé menara Stasiun Pemancar TV.
b. Sing kéték kelap-kelip kaé apa?
3. a. Tlaga Sarangan kuwi jeroné watara 30 mèter.
b. Tlaga Sarangan kuwi jeroné pirang mèter?
4. a. Ing dina Minggu akèh wong padha langèn ing "Taman Tirta".
b. Kapan akèh wong padha langèn ing "Taman Tirta"?
5. a. Sing numpak jaran ngubengi Tlaga Sarangan kaé Endra.
b. Sing numpak jaran ngubengi Tlaga Sarangan kaé sapa?

II. Tuladha:

- a. Tanah paredèn punika **hawanipun**
- b. Tanah paredèn punika **hawanipun seger**.

A. *Ceceg-ceceg ing ngisor iki isènana tembung sing cocog sing cumawis ing sisih tengen!*

- | | |
|--|---|
| <ol style="list-style-type: none">1. Ketiga rendheng Tlaga Sarangan kuwi banyuné ajeg, ora tau2. Tlaga Sarangan kuwi banyuné ... kaya ès.3. Lemahé ..., ditanduri apa-apa cocog.4. Wit-witané ..., wohé ... nganti ngemohi.5. Sarangan kuwi hawané ..., nanging ora nganti njekut, mula cocog kanggo papan palereban.6. Sawah ing tanah pegunungan kuwi lemahé ..., nanging arang longsor. | <ol style="list-style-type: none">a. miring ⁶b. adhem ⁵c. mbiyet ²d. ledhung-ledhung ¹e. loh ³f. anyep ²g. agung ¹h. asat ¹² |
|--|---|

B. *Gawéa ukara nganggo tembung-tembung ing ngisor iki!*

1. mendhungé ngendhanu
2. udané deres
3. anginé sumiyut
4. panasé sumelèt
5. lemahé nela

III. Tuladha:

- a. Tlaga Sarangan kuwi/amba.
Tlaga Sarangan kuwi = jejer
amba = wasésa (tembung kaanan)
- b. Kaé/Gunung Lawu.
Kaé = jejer
Gunung Lawu = wasésa (tembung aran)
- c. Putrané Bulik/loro.
Putrané Bulik = jejer
loro = wasésa (tembung wilangan)
- d. Ibumé Ratih/kaé.
Ibumé Ratih = jejer
kaé = wasésa (tembung sésulih panuduh)

A. *Ukara-ukara iki udhalen lan terangna kaya tuladha ing dhuwur!*

1. Bapak kula pulisi.
2. Ibu kula guru.
3. Toyanipun bening.
4. Redi Lawu punika inggil.
5. Buku kula punika.
6. Bukunipun Kholil kathah.
7. Maésanipun Pakdhé gangsal.
8. Sitinipun loh.

B. Gawé ukara mawa wasésa tembung-tembung ing ngisor iki!

- | | |
|-----------|-------------------|
| 1. iki | 6. jururawat |
| 2. kuwi | 7. dhokter |
| 3. kaé | 8. bidhan |
| 4. butheg | 9. loro |
| 5. panas | 10. wolu setengah |

IV. Tuladha:

Tiaga Sarangan = ꦠꦶꦒꦒꦱꦫꦤ꧀ꦱꦫꦁꦤ꧀

Jago Kluruk = ꦗꦒꦺꦏꦺꦏꦭꦸꦫꦸꦏ꧀

Tulisen nganggo aksara Jawa!

- | | |
|-------------------|---------------|
| 1. iki klungsu | ꦲꦶꦏꦶꦏꦭꦭꦁꦱꦸ |
| 2. obor blarak | ꦲꦺꦨꦺꦫꦧꦭꦫꦏ꧀ |
| 3. ajar nglangi | ꦲꦗꦫꦤꦒꦭꦁꦤꦶ |
| 4. Jumuwah Kliwon | ꦗꦸꦩꦸꦮꦲꦏꦭꦶꦮꦺꦤ꧀ |
| 5. pating klèwèr | ꦥꦠꦶꦁꦏꦭꦺꦮꦺꦫ |
| 6. betah slulup | ꦧꦺꦠꦲꦱꦭꦸꦥ꧀ |
| 7. kena blethok | ꦏꦺꦤꦺꦭꦺꦠꦺꦏ꧀ |
| 8. gawé dhingklik | ꦒꦮꦺꦢꦶꦁꦏꦭꦶꦏ꧀ |
| 9. pating dlemok | ꦥꦠꦶꦁꦢꦭꦺꦩꦺꦏ꧀ |
| 10. pating dlèwèr | ꦥꦠꦶꦁꦢꦭꦺꦮꦺꦫ |

V. Tuladha:

- Tlaga Sarangan iku dunungé ana ing èrèng-èrèngé Gunung Lawu iring kidul wétan. (ngoko lugu)
- Tlaga Sarangan punika dunungipun wonten ing èrèng-èrèngipun Redi Lawu iring kidul wétan. (krama lugu)

Wacan ing dhuwur, Tlaga Sarangan, owahana nganggo basa krama lugu, kaya tuladha!

- | |
|---|
| 4. ꦠꦭꦒꦒꦱꦫꦤ꧀ꦱꦫꦁꦤ꧀ꦲꦶꦏꦶꦏꦭꦭꦁꦱꦸ |
| 6. ꦠꦭꦒꦒꦱꦫꦤ꧀ꦱꦫꦁꦤ꧀ꦥꦸꦤꦶꦏꦺꦢꦸꦤꦸꦁꦶꦥꦸꦤꦮꦺꦤꦠꦺꦤ꧀ꦲꦶꦁ |
| 8. ꦠꦭꦒꦒꦱꦫꦤ꧀ꦱꦫꦁꦤ꧀ꦲꦶꦁꦢꦭꦺꦩꦺꦏ꧀ |

VI. Wacanen kang patitis, banjur apalna ana ngarep klas!

Nuswantara

Telung atus sèket warsa
Dijajah bangsa Walanda
Saindhenging Nuswantara
Uripe kalunta-lunta
Gumrégah adreng pra warga
Mbudi daya mrih merdika.


Wus klakon ambangun praja
Adhedhasar Pancasila
Nggayuh urip kang sempurna
Cukup sandhang klawan boga
Tata tentrem tur raharja
Tan kurang sawiji apa.

(Suwito, *Kembang Setaman*,
PT Intan Pariwara, 1983)

Wulangan ka-3

I. A. Wacanen batin!

Koran



Tiyang gesang punika betah srawung kaliyan tiyang sanès. Menawi kapurih milih: dipun bruki bandha nanging babar pisan boten kénging srawung kaliyan tiyang sanès, punapa radi kirang sawatawis nanging srawungipun ombèr, limrahipun temtu milih ingkang angka kalih.

Ing salebetipun pasrawungan, tiyang saged nglairaken pamang-gihipun, saged ngesokaken raosing manahipun, punapadéné saged ngedalaken pepénginanipun dhateng tiyang sanès. Kosokwangsulipun, ing salebeting pasrawungan tiyang saged mangertos pamang-gihipun tiyang sanès, saged mangertos isining manahipun tiyang sanès, lan saged mangertos pepénginan utawi

kekajenganipun tiyang sanès.

Pirantos kanggé sesambetan antawisipun tiyang satunggal lan satunggilipun inggih punika basa.

Tiyang sesambetan utawi srawung kaliyan tiyang sanès punika saged kanthi aben ajeng, nanging ugi saged alantaran sarana. Sarana punika ing salebetipun jaman majeng punika limrah kawastanan *sarana komunikasi*. Tembung *sarana komunikasi* punika tembung basa Indonesia, cara jawinipun kirang langkung ateges pirantos kanggé sesambetan. Wondéné *sarana komunikasi*, utawi pirantos kanggé sesambetan punika upaminipun pesawat télévisi, radhio, lan koran utawi serat kabar.

Sapunika sedaya tiyang ing sadhéngah papan, ingkang sami manggèn ing kitha ageng, ingkang sami dedunung ing kitha alit, punapadéné ingkang sami mapan ing dhusun-ngadhusun, sadaya sami tepang kaliyan télévisi, radhio, lan koran utawi serat kabar punika. Sapunika télévisi, radhio, lan serat kabar punika sampun dados kabetahaning ngakathah. Kathah kémanon tiyang ingkang gesangipun ing saben dintenipun rumaos dèrèng jangkep, namung jalaran dèrèng maos koran ingkang medal ing dinten punika.

Koran mekaten isinipun warni-warni. Upaminipun pakebaran bab kedadosan ing saindenging bawana ingkang kalebet wigatos. Koran ugi ngewrat kawruh warni-warni, upaminipun kawruh tetanèn, kawruh bab kasarasan, bab panggulawenthah, babagan ékonomi, lan kabudayan.

Mila, lumebetipun koran ing dhusun-ngadhusun punika saèstu badhé ndayani rancaging lampahipun pembangunan ing dhusun ngriku. Awit, lumebetipun koran ing dhusun njalari indhaking seserepanipun para warganing dhusun ing bab punapa kémanon.

B. Wangsulana kang patitis!

1. Wong urip butuh apa?
2. Apa munpangaté srawung karo wong liya?
3. Piranti kanggo srawung jenengé apa?
4. Yèn ora bisa adu arep, wong srawung nganggo sarana apa?
5. **Sarana komunikasi** kuwi upamané apa?
6. Layang kabar kuwi isiné apa baé?

C. Wacanen kang patitis, tembung sing cap-capané kandel kedalna sing trep!

1. Juru ngarang ing layang kabar jenengé **jurnalis**.
2. Kawruh sing gegayutan karo pakaryané juru ngarang jenengé **jurnalistik**.
3. Kaum dagang lan sapa baé sing masang **adpèrtènsi, iklan**, utawa **pariwara** ing layang kabar kudu mbayar ragad.
4. Sing niti lan nata karangan ing layang kabar jenengé **redhaktur**.
5. Yèn maos layang kabar, Bapak remenané maos **rubrik** kabar saka manca negara, Ibu remenané maos **rubrik** panggulawenthah, aku lan adhiku seneng maca **rubrik** olahraga.

II. (A) Ceceg-ceceg ing ngisor iki isènana tembung sing cocog, sing cumawis ing ngisor!

1. Nyai Madurasa winisudha dadi lurahé para ..., déné Ki Citratanaya dadi lelurahé para juru taman.
2. Wong sing pinatah ngreksa pakuburan utawa papan sing kramat jenengé
3. Ora ana ... sing gelem nyabrangaké Kleting Kuning jalaran Kleting Kuning ambuné blarongan.
4. Layang kabar kuwi kongkonan ... ndhèrèkaké tindaké Bapak Presiden menyang manca negara.
5. ... klurahan jenengé Sèkretaris Désa.
6. Bapak lan Ibu kuwi pindhané nakodha lan
7. Aturé ..., sing bisa nyirep pageblug kuwi randha, katelah parab Mbok Randha Girah.
8. Wong sing nglantaraké gunemané wong loro sing padha déné ora ngerti basané jenengé

- | | |
|------------------------------|-------------------------------|
| a. juru basa ⁸ | e. juru mudhine ⁶ |
| b. juru dang | f. juru tulis ⁵ |
| c. juru tambang ³ | g. juru kunci ² |
| d. juru nujum ⁷ | h. juru ngarange ⁴ |

B. Apa pagawéané wong-wong ing ngisor iki!

- | | |
|------------|---------------|
| 1. pandhé | 6. guru |
| 2. undhagi | 7. blantik |
| 3. mranggi | 8. dhalang |
| 4. jlagra | 9. niyaga |
| 5. empu | 10. blandhong |

III. Tuladha:

Ing sajroning pasrawungan, uwong bisa nglairaké panemuné, lan uga bisa nyumurupi panemuné wong liya.

nglairaké = (a)ng+ lair + aké
nyumurupi = (a)ny+ sumurup + i

A. *Tembung-tembung sing ana ing sajroning kurung ing ngisor iki wènèhana ater-ater anuswara lan panambang aké, utawa ater-ater anuswara lan panambang i!*

1. Para jurnalis padha (kirim) warta marang tetuwaning re-dhaktur.
2. Wataké satriya tama sirik (oncat) mungsuh.
3. Aja kulina (rèmèh) penemuné wong liya.
4. Bulik kagungan kersa (sewindu) putrané ragil.
5. Darmi menyang pasar (patri) manci.
6. Jam lima ésuk Gandhung wis tangi, banjur (sapu) lataré.
7. Sapa sing (bukak) lawang kowé mau bengi?
8. Aku didhawuhi Pakdhé (kanca) Mas Bima tunggu omah.
9. Sapa sing (suwèk) sarungku iki mau?
10. Bubar dandan, Narsih banjur (dandan) adhiné.

B. *Gawéa ukara nganggo tembung-tembung ing ngisor iki!*

- | | |
|-----------------|-----------------|
| 1. nglungguhi | 6. ngurupaké |
| 2. ngusiri | 7. ngungguhaké |
| 3. nglambèni | 8. ngandhangaké |
| 4. mitungdinani | 9. ndandakaké |
| 5. ngresiki | 10. nyepèlèkaké |

IV. Tuladha:

crita	: nyritakaké:	ꦏꦿꦶꦠꦏꦏꦏꦺ
cithak	: nyithakaké:	ꦏꦶꦠꦏꦏꦏꦺ
kirim	: ngirimaké:	ꦏꦶꦂꦶꦩꦏꦏꦺ
kabar	: ngabari	ꦏꦁꦧꦫꦶ
teka	: nekani	ꦠꦺꦏꦏꦤ꧀
pakan	: makani	ꦥꦏꦏꦤ꧀

Tulisen nganggo aksara Jawa!

- | | |
|--------------|------------------|
| 1. nyepasari | 11. ngremèhake' |
| 2. nakoni | 12. nyingkirake' |
| 3. makoni | 13. ngilangake' |
| 4. nguculi | 14. nglakokake' |
| 5. matèni | 15. nabokake' |
| 6. numani | 16. ngapalake' |
| 7. naboki | 17. ngangsoke' |
| 8. nyekoki | 18. ngingetake' |
| 9. nyulih | 19. ngrusakake' |
| 10. ngirimi | 20. ngrasakake' |

V. Tuladha:

- Kula ajeng tuku koran, dika titip napa boten.
(basa madya ngoko)
- Kula ajeng tumbas koran, sampéyan titip napa boten.
(basa madya krama)
- Kula badhé tumbas koran, sampéyan titip punapa boten.
(basa krama lugu)

Ukara-ukara ing ngisor iki basané madya ngoko, madya krama, apa krama lugu?

1. Dhik, sing dodol koran, dika mandheg sedhela, Dhik!
2. Enggih, Dhik, sampéyan mandheg, kula nggih ajeng tumbas.
3. Koran napa mawon ta, Dhik, sing dika beta niku?
4. Pepak, Mas. Pos Kota, Kompas, Suara Pembaruan, Suara Merdeka, mangga sampéyan pilih piyambak.
5. Niki rak anyar kabèh ta?
6. O, sedaya énggal, Mas. Koran menawi sampun wayu boten pajeng.
7. Dhik, kula tumbas setunggil. Ngga, niki sampéyan jujuli.
8. Kula nggih tuku siji, ngga niki dhuwité dika jujuli.

Ukara-ukara iki owahana nganggo basa krama lugu!

1. Kula ajeng nonton bal-balan, dika mèlu napa boten.
2. Dika niki wau seking pundi, yah kèten kok empun dugi ngriki.
3. Dika niku pripun, kok gendhulak-gendhulik kaya sida kaya ora.
4. Empun, nggih, kula mulih dhisik. Dika padha tutugké oleh dika padha wédangan.
5. Kula entèni teng cakruk kidul désa, mengké dika nusul.

VI. Ariwarti lan kalawarti basa Jawa

Wiwit nalika bangsa Indonesia isih kajajah ing Bangsa Walanda, ing kéné wis kababar majalah utawa kalawarti abasa Jawa. Kalawarti sing tuwa dhéwé yaiku kalawarti Kejawèn sing wiwit kababar dhèk taun 1926. Sekawit kalawarti Kejawèn kuwi metuné seminggu sepisan, nanging wiwit taun 1938 metuné mung rong minggu sepisan. Sawisé Kejawèn, dhèk taun 1933 ing Surabaya kababar kalawarti abasa Jawa uga, jenengé kalawarti Panyebar Semangat.

Kuciwa, dhèk jaman Jepang kalawarti Kejawèn lan kalawarti Panyebar Semangat kuwi diendheg, ora kena kababar manèh. Lagi wiwit taun 1949 kalawarti Panyebar Semangat wiwit kababar manèh, nganti tekan sepréné.

Sawisé bangsa Indonesia ngumandhangaké kamardikané, ing

Indonesia dadi saya akèh kababar kalawarti abasa Jawa. Kalawarti-kalawarti abasa Jawa kuwi upamané:

1. **Jaya Baya**, kababar-wiwit sasi Desember 1945. Sekawit kababar ing Kediri, nanging ora suwé banjur pindhah kababar ing Surabaya.
2. **Mekarsari**, kababar wiwit taun 1957 ing Ngayogyakarta.
3. **Waspada**, kababar ing Ngayogyakarta wiwit taun 1952.
4. **Cendrawasih**, kababar wiwit taun 1957 ing Surabaya.
5. **Crita Cekak**, kababar ing Surabaya wiwit taun 1955.
6. **Gotong Royong**, kababar ing Surabaya wiwit taun 1963.
7. **Candra Kirana**, kababar ing Surabaya wiwit taun 1964.

Wulangan ka-4

A. Wacanen batin!

Hari Kesaktian Pancasila



Sasampunipun ing salebetipun tigang atus sèket taun tanpa kendhat mbudidaya uwal saking regemaning penjajah, kala tanggal 17 Agustus taun 1945 bangsa Indonesia kelampahan saged ngumandhangaken kamardikanipun dhateng bangsa-bangsa sanès ing saindenging bawana. Bangsa Indonesia lajeng ngedegaken negari ingkang mardika, Negari Kesatuan Republik Indonesia ingkang adhedhasar Pancasila lan Undang-Undang Dasar taun 1945, kacekak UUD 1945. Kamardikan sampun kecepeng. Sapunika mulya utawi sengsaranipun bangsa Indonesia gumantung wonten ing tanganipun bangsa Indonesia piyambak, boten gumantung wonten ing tanganipun bangsa sanès.

Kuciwa, dèrèng ngantos saged nindakaken rancangan mbangun bangsa lan negari, wonten-wonten kémawon rubéda ingkang ngreridhu adeging negari Republik Indonesia ingkang adhedhasar Pancasila lan UUD 1945 punika. Rubéda punika upaminipun lumebetipun bangsa Walandi dhateng negari Republik Indonesia, kanthi sedyá badhé njajah negari lan bangsa Indonesia malih. Boten namung punika, dalasan Partai Komunis Indonesia (PKI) ugi nyaru wuwus. Kala taun 1948 PKI brontak. PKI badhé njongkèng panguwaos. PKI badhé ngebrukaken adeging negari Republik Indonesia ingkang adhedhasar Pancasila. PKI kepéngin nyingkiraken dhasaring negari Pancasila, kagantos komunisme. Nadyan kala semanten bangsa Indonesia nedheng-nedhengipun prangtandhing mengsah bangsa Walandi ingkang kepéngin wangsul njajah bangsa Indonesia malih, awit saking kemirahaning Gusti Ingkang Murbeng Dumadi, bangsa Indonesia saged mbirat rubéda mbrastha pambalélanipun PKI punika.

Pambudidayanipun bangsa Indonesia saged angsal damel. Walandi nungkul. Nanging, taksih wonten-wonten kémawon rubéda ingkang ngreridhu adegipun negari Republik Indonesia. Pranyata, PKI ugi boten kapok. PKI taksih mbudidaya kanthi cara punapa kemawon badhé ngendhih panguwaos lan badhé nggantos dhasaring negari Pancasila.

PKI rumaos sampun kiyat. Kala tanggal 30 Sèptèmber malem tanggal 1 Oktober taun 1965 wanci bangun énjing, PKI damel ontran-ontran malih. Grombolaning PKI ingkang mémba-mémba utusanipun Presiden manggihi Bapak-bapak Jéndral ingkang saweg sami sakéca-sakécanipun saré. Kanthi rudapeksa Bapak-bapak Jéndral punika dipun wungu lajeng dipun prajaya. Wontenipun PKI ngawontenaken ontran-ontran ngantos mentala mrajaya para pangagenging bangsa, punika boten senès jalaran selak kepéngin nyepeng panguwaosing negari, saha nggantos dhasaring negari Pancasila. Nanging, salaminipun, tindak dursila punika boten badhé tumama dhateng barang ingkang leres. Semanten ugi tindak

dursilanipun PKI, punika ugi boten wonten keparengipun Gusti Inggang Murbèng Dumadi. Sakathah-kathahipun ingkang sami ngrojongi tindak dursilanipun PKI, pranyata taksih langkung kathah ingkang ngrungkebi adeging dhasaripun negari inggih punika Pancasila.

Boten gantalan dinten, ing tanggal 1 Oktober wanci sonten, pambalélanipun PKI kanthi grombolanipun ingkang lajeng kawastanan Gerakan 30 Sèptèmber/PKI utawi kacekak G 30 S/ PKI sampun saged katumpes. Saking satunggal, gem-bongipun G 30 S/PKI saged karingkus. Negari Indonesia sa-king sakedhik wangsul pulih tentrem, Pancasila lestari langgeng dados dhasaring negari. Minangka pènget, tanggal 1 Oktober lajeng winisudha dados dinten ageng, kawastanan hari Kesak-tian Pancasila.

B. Wangsulana kang patitis!

1. Pancasila kuwi dadi dhasaring negara. Apa tegesé?
2. Kejaba dadi dhasaring negara, Pancasila uga dadi pauger-aning uripé bangsa Indonésia. Apa tegesé?
3. Apa maksudé PKI brontak dhèk taun 1948?
4. Sapa sing dadi dhalangé pemberontakan G 30 S?
5. Géneya tanggal 1 Oktober ditetepaké dadi hari Kesaktian Pancasila?

C. Ukara-ukara ing ngisor iki wacanen sing patitis, cekakan-ing tembung sing cap-capané kandel kedalna sing trep!

1. Gerakan tanggal 30 Sèptèmber kuwi sing ndhalangi **PKI**, mula banjur diarani **G 30 S/PKI**.
2. Kuliah **UT** kala-kala digiyaraké liwat **TVRI**.
3. **KUD** nyepaki para among tani rabuk, bibit, lan kebutuhané para among tani liyané.
4. Yèn butuh pawitan kanggo bakulan golèka utangan menyang **BRI**.
5. **AMD** kuwi cekakané tembung **ABRI** Masuk Desa.

II. Tuladha:

Dhemen **tulung-tinulung** kuwi wataké bangsa Indonesia.

A. *Ceceg-ceceg ing ngisor iki isènana tembung sing cocog, sing cumawis ing ngisor!*

1. Sing ... karo kanca sanak sedulur lan tangga teparo.
2. Srawung karo kanca kudu gelem ..., ora kena mburu menangé dhéwé.
3. Srawung karo sapa baé kudu ..., siji lan sijiné ora kena padha ngrèmèhaké liyan.
4. Yèn ana gèsèhing penemu kudu dirampungaké kanthi
5. ... marang Gusti Allah tegesé nindakaké sakabèhing dha-wuhing Allah lan nyingkiri pepacuhing Allah.

- | | | |
|---|----|----------------|
| ζ | a. | takwa |
| \ | b. | rukun |
| λ | c. | musyawarah |
| ↳ | d. | mong-kinemong |
| ∨ | e. | ajèn-ingajènan |

B. *Tembung-tembung ing ngisor iki gawénen ukara sing luwes!*

1. tepa slira
2. gotong royong
3. atut runtut
4. sih-sihan
5. manjing ajur ajèr

III. Tuladha:

- a. Dhèk taun 1948 PKI brontak **lan** dhèk taun 1965 PKI brontak manèh.
- b. Tanggal 1 Oktober hari Kesaktian Pancasila, tanggal 5 Oktober hari Angkatan Bersenjata Republik Indonesia.

Ukara kapisan jenengé ukara camboran (mawa tembung panggan-dhèng). Ukara kapindho jenengé ukara camboran (tanpa tembung panggan-dhèng).

V. Ukara-ukara iki rampungna!

1. Rawé-rawé rantas,
2. Sepi ing pamrih,
3. Jer basuki
4. Sabaya mati, Sabaya mukti .
5. Rukun agawé santosa,
6. Becik ketitik,
7. Nglurug tanpa bala, ..maning tanpa ngalahake.
8. Sadumuk bathuk, sangari bumi.
9. Sura dira jayaning rat ..labur dening pangastuti.
10. Dèn asih ..suthina.

VI. Tuladha:

5. Sora sing becik karo sapa waé
bakal gampar.

Kinanthi

(guru lagu lan guru wilangané: 8u, 8i, 8a, 8i, 8a, 8i)

Nadyan asor wijilipun, Sora sing becik karo sapa waé
yèn kalakuwané becik, bakal gampar
utawa sugih carita, jani caritane
carita kang dadi misil, pinter golak barang
iku pantes parekana, iku bawala dijak kanggo karca
darapon mundhak kang budi. ban saya pinter

(Wulangrèh, Paku Buwana IV)

10. Sing pada dhuwur wilangan / padha trasha

Garapan

1. Tembang Kinanthi sapada ing dhuwur kuwi tembangna bebarengan!
2. Gawéa tembang Kinanthi sapada baé, isiné ngandharaké manawa Pancasila kuwi dadi dhasaring negara Republik Indonesia, dadi jiwa sarta dadi watak/kapribadèné bangsa Indonesia.

V. 1. eak kabeh ku beda / alangan bakal sirna.
2. ngambut gawé era dhuwur pangarep ing 2 m
3. nek meh jorak kadu rekasa
4. mabiyu barang. perah barang, unip barang
5. yen becik apa ala bakal ketawa.
7. Wong sing becik atine kateh bakal mami 27.
8. barang sing penting yen dilodot wisir dil
la tumeka ora mati

Wulangan ka-5

I. A. Wacanen kang patitis!

Transmigrasi



- Murni : Piyé, Mas, seneng neng Sumatra?
Bima : Seneng, Dhik.
Murdanu : Seneng endi karo neng kéné?
Bima : Padha baé, Dhik.
Murni : Ning, ya pancèn ana bédané.
Bapak : Piyé ta, Mas Bima ki. Jaré padha baé, ning kok ana bédané.
Bapak : Terangna, Bim, adhi-adhimu kuwi, bèn marem!

- Bima : Inggih. Paklik.
Ngéné, Dhik. Sing dakkarepaké padha baé kuwi bab senengé. Lha sing dakkarepaké ana bédané kuwi bab kaanané Sumatra karo kaanané tanah Jawa kéné. Dakcritani ya. Tanah Jawa kéné iki wongé wis jejel riyel, papané wis sumpeg, lemah garapané pak tani ciyut-ciyut. Béda karo Sumatra. Sumatra kuwi pendhudhuké rata-rata isih arang, papan ing kana isih jembar, lemah garapané bapak-bapak tani amba-amba.
- Murni : Cocog, Mas, kuwi, karo critané pak guruku. Pak guruku IPS ya ngendika ngono.
- Murdanu : Biyèn piyé ta, Mas, kok Pakdhé, Budhé, lan Mas Bima boyong menyang Sumatra kuwi?
- Bima : Yèn bab kuwi Paklik mesthi luwih priksa. Kados pundi Paklik, critanipun?
- Bapak : Ngéné. Jan-jané budhalé bapakmu kuwi rak kepeksa, ning ya pancèn kebenaran.
- Murdanu : Kepeksa ning malah kleresan punika kados pundi ta, Pak.
- Murni : Mas Danu ki mesthi nyela-nyela lho.
- Murdanu : Selak kepéngin ngerti kok.
- Bapak : Lha rak padha grejegan dhéwé. Kebenerané ngéné. Wis suwé Pamaréntah rak kagungan ada-ada nganakaké transmigrasi, yaiku mboyongi kulawarga saka tanah Jawa menyang pulo-pulo liya saliyané Pulo Bali.
- Murdanu : Dhateng Pulo Bali kok boten, kénging punapa Pak?
- Murni : Lha, rak nyela-nyela manèh.
- Bapak : Sebab Pulo Bali pendhudhuké uga wis jejel riyel. Malah uga perlu diboyongi menyang liya pulo. Dadi, kebenerané, boyongé pakdhému budhému kuwi ngleksanani programé Pamaréntah. Kowé rak ngerti ta ancasé program transmigrasi kuwi?

- Murdanu : Menawi boten klentu kanggé ngradinaken tenaga kerja, Pak.
- Bapak : Bener. Déné anané tenaga kerja kuwi kudu diratakaké supaya lakuné pembangunan nasional ing pulo siji lan sijiné ora pincang, sing tondoné idham-idhamané bangsa Indonesia nggayuh masyarakat sing adil lan makmur adhedhasar Pancasila UUD 1945, tumuli kaleksanan.
- Murni : Kala wau Bapak kok ngendika bilih tindakipun Budhé Pakdhé punika kepeksa punika kados pundi, Pak?
- Bapak : Pakdhému budhému kuwi jan-jané rak ora niat arep boyong transmigrasi. Sabab, pakdhému ana kéné ngasta guru, budhému ngasta bidhan, lan sawah tegal uga kagungan. Nanging, sarèhné dalemé pakdhému, sekolahan panggonané ngasta, lan Puskesmas panggonané budhému dhines, lan uga sawah tegalé pakdhému budhému ketrajang proyèk Wadhuk Gajahmungkur, pakdhému kepeksa budhal transmigrasi.
- Murni : Punapa transmigrasi bedhol désa ngaten punika, Pak?
- Bapak : Lha déné, kuwi Murni malah ngerti.
- Murni : Kula sampun dipun ngendikani Pak Guru bab transmigrasi bedhol désa punika kok, Pak. Nanging, kula boten mangertos bilih pakdhé kula piyambak kalebet.
- Bapak : Lha iya, wong Bapak ya ora tau crita.
- Bima : Nanging, pancèn leres ngendikanipun Paklik kala wau. Bidhalipun Bapak-ibu punika kepeksa nanging dadosipun malah kleresan. Setunggal taun kalih taun wonten ngrika Bapak-ibu pancèn kedah purun rekaos. Mekaten ugi para transmigran sanèsipun. Nanging, dangu-dangu inggih lajeng mapan, lan saya dangu pengajeng-ajeng sageda gesang ingkang

- langkung sekéca lan langkung mulya tumrap para putra wayah ing tembé wingking, sanès pangajeng-ajeng ingkang ngayawara.
- Murdanu : Yèn ngono bener ya, Mas, pènget sing kapacak ana ing layar TV kaé.
- Bima : Sing endi ta?
- Murdanu : Kaé lho, sing uniné ngéné:
Transmigrasi: perjuangan hari ini untuk kebahagiaan anak cucu.
Transmigrasi: meningkatkan taraf kehidupan masyarakat.
- Bapak : Kuwi bener banget. Nanging, kabèh mau kudu dikanthèni wekel nyambut gawé, tlatèn, disiplin, lan jujur.

B. Wangsulana kang patitis!

1. Généya Pamaréntah perlu nganakaké ada-ada transmigrasi?
2. Apa ancasé ada-ada transmigrasi kuwi?
3. Ing negarané dhéwé kéné iki transmigrasi kuwi mboyongi penduduk saka pulo ngendi menyang pulo ngendi?
4. Ada-ada transmigrasi klakon bisa nggayuh idham-idhamané Pamaréntah lan rakyat Indonesia yèn para transmigran padha gelem kepriyé?
5. Terangna tegesé unèn-unèn: Transmigrasi perjuangan hari ini untuk kebahagiaan anak cucu.

C. Wacanen kang patitis!

1. Muga-muga ana ing papan anyar mengko uripmu saya kepénak!
2. Muga-muga taun iki ora puso manèh!
3. Muga-muga Badri ora salah tampa!
4. Muga-muga sepuré uga telat!
5. Muga-muga wong tuwané sarujuk!

II. A. Ceceg-ceceg ing ngisor iki isènana nganggo tembung sing cumawis ing ngisor!

1. Lurah sarakyaté padha budhal
2. Kangmas biyèn boyongé menyang Sumatra ora katut rombongan transmigrasi umum, nanging klebu éwoné ... utawa ...
3. Kumpulan arisan kuwi diowahi dadi ... jalaran para wargané kepéngin kumpulan mau diayomi ing undhang-undhang.
4. Racaké lemah ing papan transmigrasi isih ...

- | |
|--|
| <ol style="list-style-type: none">a. lohb. transmigrasi bedhol désac. transmigrasi spontand. transmigrasi swakarsae. koprasa |
|--|

B. Tembung-tembung ing ngisor iki gawénen ukara sing luwes!

- | | |
|-----------------|--------------------|
| 1. cengkar | 6. adil lan makmur |
| 2. jejel riyel | 7. urip mulya |
| 3. bawéra | 8. kecingkrangan |
| 4. urip prasaja | 9. mubra-mubru |
| 5. gemi | 10. ayem tentrem |

III. Tuladha:

- a. Sing **dakkarepaké** padha baé kuwi bab senengé.
dakkarepaké : **dak** + karep + aké
- b. **Dakcritani** ya!
dakcritani : **dak** + crita + (an) + i

Ater-ater *dak* kuwi jenengé ater-ater utama purusa. Ater-ater purusa ana telu. Ater-ater purusa kapisan *dak*, jenengé *ater-ater utama purusa*. Ater-ater purusa kapindho *ko*, jenengé *ater-ater ma-*

V. Tuladha:

- a. Bapak Menteri Transmigrasi **maringaken** hadhiyah lembu sarakit dhateng kulawarga transmigran teladhan. (basa krama alus)
- b. Bapak Menteri Transmigrasi **maringaké** hadhiyah sapi sarakit marang kulawarga transmigran teladhan. (basa ngoko alus)

Gawéa ukara basa krama alus nganggo tembung-tembung ing ngisor iki, banjur owahana dadi ngoko alus!


- | | |
|------------------|------------------|
| 1. midhangetaken | 6. ngaturaken |
| 2. ngendikakaken | 7. nyaosaken |
| 3. ndhawuhaken | 8. nglenggahaken |
| 4. mundhutaken | 9. ngonduraken |
| 5. ndhèrèkaken | 10. maosaken |

VI. Gawéa karangan adhapur guritan (puisi gagrak anyar) sing isiné njlèntrèhaké bab transmigrasi. Sing wigati, sing kudu klebu ana ing puisimu kuwi sesanti manawa transmigrasi kuwi munpangaté bisa ngundhakaké panguripané rakyat, lan ora mung dirasakaké dhéwé nanging uga bakal dirasakaké déning anak putu ing tembé buri.

Wulangan ka-6

I. A. Wacanen batin!

Réyog Panaraga



terdapat banyak
Swaranipun kempul kepireng pating krenung pating jlegur,
binarung swaranipun slomprèt athiyèt-thiyèt. Slomprèt punika
wujudipun ageng panjang, rupinipun cemeng sinelut ing salaka
ironi di bunyit
pethak, pinatik ing paku jamur kuningan. Cucupipun dipun
caise
pasangi tutup bathok cemeng wiyaripun watawis kalih nyari,
mèpèt cangkempun ingkang nyebul, sinawang mèmper sanget
bregos njlekèthèt.

Ing siyang punika kempalan réyog Panaraga "Pujangganom"
badhé ngarak pangantèn boyong, saking panggènanipun pa-
ngantèn istri dhateng panggènanipun pangantèn jaler.

Ing tlatah Panaraga sakiwatengenipun kagunan réyog punika misuwur sanget. Tumrap tetiyang ing Panaraga kagunan réyog punika sampun mbalung sungsum. Sadhéngah tiyang Panaraga ageng alit, jaler istri, enèm sepuh, sadaya remen sanget dhateng kagunan réyog. Tiyang gadhah damel, ingkang kathah sami nanggap kagunan réyog. Pahargyan dinten ageng, temtu ugi mawi tetinggalan kagunan réyog.

Kagunan réyog punika ingkang baku arupi jaranan lan barongan. Barongan mekaten sirahipun arai singa, mawi krembyah-krembyah ingkang dipun damel élaring merak. Wondéné tabuhanipun arupi saron, kempul, kendhang, angklung, lan slomprèt.

Tetiyang ingkang sami nggelar kagunan réyog punika badani-pun sami gothot-gothot singset mbengkiyeng, mawi udhéng, rasukan, lan sruwal gembyong warni wulung utawi cemeng, usus-ususipun nglawèr panjang, ngangge gombiyok ingkang dipun damel sayèt.

Ing Panaraga kagunan réyog punika wontenipun sampun wiwit atusan taun kepengker. Kacariyos, kagunan réyog punika nggelar cariyos perangipun Prabu Klana Séwandana raja mudha ing Panaraga mengsah Singabarong ingkang dedunung ing wana Roban. Wondéné cariyos bab wontenipun réyog Panaraga punika kados ingkang kabèber ing geguritan utawi rumpakan ing ngandhap punika.

Réyog Panaraga

Klana Séwandana raja mudha Panaraga,
siyaga ing yuda nglawan raja rai singa,
ngasta pusakané pecut Kyai Samandiman,
ngrabas ing prang pupuh Singabarong alas Roban.

Yo ha'é yo ha'é perangé sansaya ramé.
yo ha'é yo ha'é padha sekti kekaroné.

Warok-warok sekti ngrabas ing prajurit Singa,
Patih Pujangganom nglawan pepatihing Singa,
kabèh ancur lebur déning warok Panaraga,
pecut Samandiman swarané mecah angkasa.

Yo ha'é yo ha'é Singabarong dadi telukan,
yo ha'é yo ha'é negarané wis dadi aman.

Iku sejarahé crita réyog ing Panaraga,
nggambarké menangé Sang Prabu Klana Séwandana;
dicipta wis dadya seni réyog Panaraga,
sigrak lan gembira nandhakaké menang yuda.

Yo ha'é yo ha'é réyog ider sansaya ramé,
yo ha'é yo ha'é sarwa ireng sandhangané.

B. Wangsulana kang patitis!

1. Kapan wiwit anané réyog ing Panaraga? *wiwit ditugasi tau kepungkur*
2. Tumrap wong-wong Panaraga, kagunan réyog kuwi mba-
lung sungsum banget. Apa tegesé? *Sangka tekan balung lan sungsum*
3. Kapan lumrahé ing Panaraga ana pagelaran kagunan réyog? *bayang, manteb, eina ageng*
4. Kagunan réyog kuwi tabuhané arupa apa baé? *wendong, lam*
5. Manut crita, kagunan réyog kuwi nggelar perangé sapa karo sapa? Sapa sing menang? *Singabarong vs Prabu Klana Séwandana*

C. Wacanen kang patitis, tembung sing cap-capané kandel kedalna sing trep!

1. **Singabarong** sabalané teluk marang Prabu Klana Séwandana.
2. Kagunan réyog kuwi nyritakaké perangé Prabu Klana Séwandana raja mudha ing Bantarangin. Panaraga, mungsuh **Singabarong** abdi Kedhiri sing njaga alas roban.
3. Sang Prabu Klana ngerigaké para **warok** ing Panaraga.
4. Tetindhihé para **warok** kuwi patih ing Bantarangin peparab Kyai Patih **Pujangganom**
5. Singabarong ora kuwawa nadhahi pusakané Prabu Klana Séwandana. pecut Kyai Samandiman.

II. Ceceg-ceceg ing ngisor iki isènana tembung sing cocog, sing cumawis ing ngisor!

1. Kiraping pangantèn binarung ing ungeling ... Ketawang Ibu Pertiwi.

2. Gamelanipun kalih prangkat, laras ...! lan laras ...!
3. Gangsa Sléndro lan Pélog ingkang laras gangsalipun sami inggilipun dipun wastani gangsa ...!
4. Minangka pratandha badhé gantos pathet, Ki Dhalang nglongkongaken ...!
5. Bukaning gendhing ingkang arupi sesekaran utawi klongkong dipun wastani ...!
6. ... inggih punika bukaning gendhing ingkang namung mendhet sapéranganing sekar.
7. Ngajengaken ..., iramaning gendhing sansaya tamban.
8. Ingkang sami nggèrong sajakipun dèrèng apal ..., pratandha taksih sami ngadhep cathetan.
9. ... lan pasindènipun sedaya bektanipun Ki Dhalang.
10. Sapunika sampun awis tiyang bersih dhusun mawi nanggap ...!

- | | |
|--------------------------|-------------------|
| a. ringgit <i>wayang</i> | g. suluk pathetan |
| b. cakepanipun | h. gendhing |
| c. niyaga | i. pélog |
| d. suwuk <i>mandheg</i> | j. sléndro |
| e. buka (bawa) celuk | k. tumbuk gangsal |
| f. bawa | |

III. Tuladha:

Kula ningali réyog wonten ing alun-alun Lèr.

Kula	: jejer
ningali	: wasésa
réyog	: lésan
wonten ing alun-alun Lèr	: katrangan panggénan

A. Ukara-ukara iki udhalen kaya tuladha!

1. Aku nonton bal-balan ana ing setadhion.
2. Sepuré mandheg ana ing setasiun.
3. Bapak Ibu mriksani wayang wong ana ing Sriwedari.
4. Ibu mriksakaké adhik ana ing Puskesmas.
5. Adhik nyèlèhaké bonékané ana ing ambèn.



6. Bakri lunga menyang Kedhiri.
7. Tantri lungguh ing kursi.
8. Karman mulih saka Tuban.

B. *Gawéa ukara nganggo katrangan panggonan ing ngisor iki!*

1. ana ing sekolahan
2. ana ing kana
3. ing latar
4. ing kali
5. saka Nganjuk
6. saka pasar
7. menyang Surabaya
8. menyang sawah

IV. Ngarang

Gawéa karangan cekak baé abasa krama, mawa irah-irahan: Lomba Kethoprak.

Sing perlu kocritakaké upamané: sapa sing nganakaké lomba, ancasé nganakaké lomba, sing padha mèlu lomba, cak-cakané lomba, asiling lomba.

V. Tuladha:

- a. Ana ing Mediyun Bapak Mentri dicaosi pasugatan pagelaran réyog. (basa ngoko alus)
- b. Wonten ing Mediyun Bapak Mentri dipun caosi pasugatan pagelaran réyog. (basa krama alus)

A. *Ukara-ukara iki owahana nganggo basa krama alus!*

1. Kabèh punggawa désa diaturi rawuh.
2. Endra diparingi hadhiyah Pak Guru buku Bermain Catur.
3. Rahayu ditimbali Budhé, didhawuhi ngancani tunggu omah Mbak Ratih.
4. Aku uga wis dingendikani Embah prekara kuwi.
5. Gambaranku dipriksani Pak Guru.

6. Bakri didukani Pak Guru amarga konangan anggoné mbo-
los.
7. Mangsakané bocah-bocah dikedhapi Bu Guru.
8. Bulik gerah padharan, wis didhahari obat meksa durung
dhangan.

B. *Ukara-ukara iki owahana nganggo basa ngoko alus!*

1. Bapak Mentri rena penggalhipun.
2. Astanipun Bapak dipun entup kalajengking.
3. Gerahipun Embah kirang langkung sampun wonten setung-
gal wulan.
4. Rawhipun Bulik kala wingi sonten.
5. Ibu ngagem kaca tingal cemeng amargi paningalipun gerah.
6. Ngendikanipun Bulik wulan ngajeng mangké Bulik badhé
rawuh ngriki malih.
7. Kamus bahasa Inggris punika paringanipun Pak Guru
minangka hadhiyah anggèn kula menang lomba ngarang.
8. Saweg yuswa sèket kémawon, rékmanipun Bapak sampun
nyambel wijèn.

VI. Tuladha:

Pocung

(guru lagu lan guru wilangané: 12u, 6a, 8i, 12u)

Jembar nglangut Bengawan Swiluganggèku,
agung tirtanira,
arang kang wani nyabrangi,
yèn raina tan kendhat janma kang malwa.

Pan ing ngriku tumut kebawah praja gung,
ing Nusakambangan,
kacrita pambelah kalih,
kang sajuga ran Mas Ngantèn Tirtayuda.

Nora bagus Tirtayuda nanging besus,
najan lagi nyatang,
tan pisah pangilon cilik,
dhéla-dhéla mbenakken mèretanira.

Kadwinipun Ranukarya namanipun,
sedheng dedegira,
pawakané sarwa cilik,
sarwa kenceng Ranukarya kuwat rosa.

Pancèn bagus Ranukarya dhasar besus,
ngglenyèh doyan ngingang,
cacadé amung sethithik,
irung pèsèk gawan wiwit cilik mula.

.....


(*Srikandhi Maguru Manah*, R. Ng. Sindusastra)

1. Pethikan ing dhuwur kuwi tembangna bebarengan!
2. Gawéa karangan adhapur tembang Pocung rong pada baé, bab réyog Panaraga!

Wulangan ka-7

I. A. Wacanen kang patitis!

Listrik



- Indri : Klakon saiki, Dhik!
Basuki : Klakon apa, Mbak?
Indri : Saiki klakon, yèn bengi désané dhéwé padhang kencar-kencar kaya kutha.
Basuki : Apa listriké wis sida murub, Mbak?
Indri : Ngendikané Bapak seminggu engkas.
Basuki : Mengko yèn awaké dhéwé sinau, padhang njing-glang, ora kaya saiki ya, Mbak.

- Indri : Hee, Dhik. Tur gawéanmu suda. Mengko saben soré kowé wis ora perlu ngresiki lan nyumed lampu.
- Basuki : Tur bekakas-bekakas liyané uga ora gampang reged ya, Mbak.
- Indri : Hee, Dhik. Wong ora ana langes.
- Basuki : Mengko Bapak yèn rondha uga ora perlu ngasta batrèi ya, Mbak, wong ngendi-endi wis padhang njingglang kaya rina.
Kajaba kuwi mesthiné maling barang ya rada ringga. Ngendi-endi padhang, lagi mindhik-mindhik wis konangan uwong.
- Indri : Mula kuwi, mesthiné desané dhéwé kéne dadi tambah tentrem.
- Basuki : Mbak, Mbak, Ibu sida mundhut TV ora, Mbak. Biyèn Ibu dakaturi mundhut durung kersa. Ibu semaya, ngentèni yèn listriké wis murub. Ngendikané Ibu yèn nganggo *accu* boros.
- Indri : Sida kok, Dhik. Aku wingi krungu, Ibu rasanan karo Bapak, yèn minggu iki Ibu arep mundhut TV. Ibu arep mundhut dhuwité Ibu sing disimpen ana ing *Simpedès*.
- Basuki : Seneng ya, Mbak, yèn listriké wis murub.
- Indri : Pancèn, Dhik. Listrik mono pancèn gedhé banget paédahe. Coba pikiren! Tumrap bocah sekolah yèn sinau bisa padhang. Dadi, ora nyiksa mripat tur ora gampang ngantuk.
Bab keamanan utawa katentreman, désa uga dadi mundhak aman. Hiburan sing lumantar radio utawa télévisi sawayah-wayah bisa disetel, ora kuwatir kentèkan setrum. Sarèhne rina wengi padhang, indhustri rumah tangga rina wengi bisa mlaku terus. Mangka, lengganan listrik kuwi mbayaré murah.

B. Wangsulana kang patitis!

1. Généya Ibu anggoné mundhut TV ngentèni yèn listriké wis murub?

2. Yèn listriké wis murub, gawéane Basuki suda. Apa sababé?
3. Apa munpangaté listrik tumrap bocah sekolah?
4. Apa munpangaté listrik tumrap katentremaning kampung?
5. Apa munpangaté listrik tumrap indhustri rumah tangga?

C. Wacanen kang patitis, tembung sing cap-capané kandel kedalna sing trep!

1. a. Yèn lampuné padhang, aku ora gampang **ngantuk**.
b. Aku **ngantu-antu** tekane adhiku, nanging sing teka mung layangé.
2. a. Darwis nganggo **sarung** banjur mangkat salat Jumat.
b. Aja kulina omong **saru!**
3. a. Kethoprak kuwi mula bukané gamelané **lesung**, mula jenenge kethoprak lesung.
b. Kowé kok **lesu**, kesel apa lara?
4. a. Bibi tuku **ragi** kanggo nragèni témpé.
b. Anaké sing **ragil** wis nyambut gawé.
5. a. Yèn dituturi kuwi aja ditampa walaka, becik **disaring**, sing apik dienggo, sing ala dibuwang.
b. Critaku mau saringen, golèkana **sariné**.

II. Tuladha:

Yèn arep nyenyuwun tangguhen yèn wong tuwamu pinuju **padhang langité**.

Padhang langité kuwi tembung éntar, tegesé seneng atiné.

A. Tembung-tembung éntar ing ngisor iki terangna tegesé, kaya tuladha ing dhuwur!

1. Ngati-ati tetanggan karo Godril, dhèwèké kuwi **dawa tangané**.
2. Wa Drana kaé **jembar segarane**.
3. Sasabar-sabaré uwong, yèn krungu omonganmu kuwi mesthi nesu, wong omonganmu kuwi pancèn **ngabangaké kuping** tenan.
4. Samsul kaé pancèn **lunyu ilaté**, rembugé ora kena diugemi.

5. Ofehé nyambut gawé diréwangi **adus kringet**, beteké arep muktèkake kulawarga.
6. Omongan mono becik diarah, aja nganti gawé **pinggeting ati**.
7. Gawé pawuhan mono kudu milih **papan sing kiwa**.
8. Ofehmu ngampiraké kuwi tenan, apa mung **kanggo abang-abang lambe**.
9. Yarma kae **nggedhekake puluk**, blanja akèh entèk nyang pangan.
10. Badrun kae **mogèl ilaté**, yèn memangan kudu akèh lan sarwa énak.

B. *Gawéa ukara nganggo tembung-tembung éntar ing ngisor iki!*

- | | |
|--------------------|--------------------------|
| 1. tipis lambéné | 6. mbukak wadi |
| 2. gedhé endhasé | 7. kelépétan ala |
| 3. ènthèng tangane | 8. mbuwang tilas |
| 4. lobok atiné | 9. nandur kabecikan |
| 5. landhep pènè | 10. métani alaning liyan |

III. Tuladha:

1. Ibu arep mundhut dhuwité Ibu sing **disimpen** ana ing Simpedès.
Ibu arep mundhut dhuwité Ibu sing **kasimpen** ana ing Simpedès.
Ibu arep mundhut dhuwité Ibu sing **sinimpen** ana ing Simpedès.

disimpen : di + simpen
kasimpen : ka + simpen
sinimpen : simpen + seselan in

2. Karo Pak Lurah, dhukuh kuwi **diparingi** jeneng Dhukuh Macanmati.
Karo Pak Lurah, dhukuh kuwi **kaparingan** jeneng Dhukuh Macanmati.
Karo Pak Lurah, dhukuh kuwi **piningan** jeneng Dhukuh Macanmati.

diparingi : di + paring + i
kaparingan : ka + paring + an
piningan : paring + seselan in + an

3. Bola-bali keris kuwi **disudukaké** marang dhadhané mungsuhé nanging ora tumama.
 Bola-bali keris kuwi **kasudukaké** marang dhadhané mungsuhé nanging ora tumama.
 Bola-bali keris kuwi **sinudukaké** marang dhadhané mungsuhé nanging ora tumama.


disudukaké : di + suduk + aké
 kasudukaké : ka + suduk + aké
 sinudukaké : suduk + seselan in + aké

Gawéa ukara nganggo tembung-tembung ing ngisor iki!

- | | | |
|----------------|----------------|----------------|
| 1. ginanjar | 4. kapundhut | 7. disusul |
| 2. ginantungan | 5. kawangsulan | 8. didukani |
| 3. binalangaké | 6. kagadhuhaké | 9. didhelikaké |

IV. Tuladha:

listrik : 

kentrung : 

Tulisen nganggo aksara Jawa!

1. cantrik
2. kontrag
3. kantrog
4. mantrus
5. santri
6. japa mantra
7. mantri guru
8. wuta sastra
9. kontrang-kantring
10. sentrap-sentrup

V. Tuladha:

Ut, mati listriké!

Lho, kok kowé, kapan tekamu?

Ceceg-ceceg ing ngisor iki isènana tembung panguwuh sing cocog sing cumawis ing ngisor!

1., baloné mumbul!
2., kaé lho Simbah rawuh!
3., ya iki sing dakgolèki!
4., piyé kandhaku mau, rak bener ta!
5., wis ta mangsa bodhoa kowé kono!
6., gegermu dirambati uler!
7., iwak sapiring dientèkaké kucing!
8., apiké gambarané!
9., ngono waé nesu!
10., bocah semono gedhéné isih ngompol!

a. mangsa	f. horé
b. alah	g. é
c. wah	h. lha
d. astaga	i. lha lidok
e. hi	j. ah

Mara golèka tembung-tembung panguwuh liyané telu baé, lan gawénen ukara!

VI. Wacanen kang patitis, banjur tembangna bebarengan!

Dhandhanggula

Tanggap mulat Hyang Arka naketi, dumipèng rat ambabar prabawa, sumirat-sirat soroté, méga sinungging wungu, graning arga pinulas wilis, samantara kawuryan, Hyang Surya wus mungup, ngancik pucaking aldaka, larut mirut tedhuhing dalu kalindhih, sumeblak tanpa sésa.

Anglur selur lakuning wong tani, pareng mangkat maring pepa-
saran, pating krengkèt pikulané, wenèh sikep waluku, maring
sawah tegalé sami, si gundhul nèthèk kandhang, keboné pinecut,
ngucul sarwi tinumpakan, ngénak-énak nèng gigir marep mring
wuri, sembari ura-ura.

(Slisir Marèng Tenggèrèng, *Pusaka Jawi*
Desember 1922 taun I angka 3)

Wulangan ka-8

A. Wacanen batin!

Sultan Agung Anyakrakusuma



Kanjeng Sultan Agung Anyakrakusuma mbidhalaken prajurit Mataram ngecak wadyabala Kumpeni ing Betawi. Prajurit-prajurit Mataram punika sadaya prajurit pinilih ingkang dipun pandhégani tetungguling para manggalayuda ingkang kawentar sekti mandraguna, tatag, teteg lan tanggon. Lampahipun para prajurit kapantha-pantha manut tetumpak-anipun. Inkang numpak kapal ngempal sami ingkang numpak kapal, ingkang numpak turangga ngempal sami ingkang numpak turangga, ingkang lampah dharat ngempal sami ingkang lampah dharat. Sedaya sami asikep dedamel jangkep. Kepa-

rengipun Kanjeng Sultan Agung Anyakrakusuma, utusan punika sampun ngantos boten angsal damel, kados utusanipun setaun kepengker.

Utusanipun Kanjeng Sultan Agung Anyakrakusuma ingkang kapisan cabar, boten angsal damel. Wondéné jalaranipun, nalika nedheng-nedhengipun ramé mangsah yuda, tandhon tedha cawisanipun para prajurit Mataram telas gusis. Inggih awit ketelasan tedha punika, prajurit Mataram kathah ingkang lajeng tilar. Nadyan kala semanten Kumpeni sampun kethètheran jalaran kathah prajuritipun ingkang sami tiwas, prajurit Mataram ingkang dipun pandhégani déning Tumenggung Sura Agul-agul, Kyai Adipati Mandurareja, saha Kyai Dipati Upasanta, kepeksa mundur, wangsul dhateng Mataram.

Inggih awit wontenipun kawontenan ingkang njalari cabaripun utusan ingkang kapisan punika, prajurit utusan ingkang sapunika lajeng dipun cawisi sedhiyan tedha ingkang kathah, kasimpen ing lumbung-lumbung ing saurutipun pesisir lèr tanah Jawi Kilèn lan tanah Jawi Tengah, upaminipun ing Cirebon saha ing Tegal.

Prajurit Mataram ngamuk, kitha Betawi dipun keprung, bètèng Holandia kénging karebat lan lajeng dipun risak. Nanging, kuciwa, gelaripun Kanjeng Sultan Agung Anyakrakusuma kejothèran. Kumpeni ngertos bilih Sultan Agung Anyakrakusuma yasa lumbung pantun wonten ing Cirebon saha ing Tegal. Kanthi sesidheman Kumpeni kintun telik sandi dhateng Cirebon saha dhateng Tegal, kinèn mbesmi gudhang pantunipun Kanjeng Sultan Agung Anyakrakusuma.

Saèstu, lumbung pantun yasanipun Kanjeng Sultan Agung Anyakrakusuma kadenangan ing Kumpeni saha lajeng dipun besmi dados awu. Satemah prajurit Mataram ugi lajeng telas kekiyatanipun. Awit nyatanipun, prajurit punika badhéa sekti mandraguna, tatag, tangguh lan tanggon, menawi ketelasan tedha temtu lajeng loyo tanpa daya. Kanthi panandhang ingkang sakalangkung ngeres-eresi, prajurit Mataram ingkang taksih gesang wangsul dhateng Mataram. Pambudidayanipun Kanjeng Sultan Agung Anyakrakusuma cabar. Gegayuhanipun Kanjeng Sultan Agung Anyakrakusuma nyingkiraken Kumpeni saking bumi Nusantara dèrèng pinarengaken ing Gusti Inkang Murbèng Dumadi.

B. Wangsulana kang patitis!

1. Apa idham-idhamané Kanjeng Sultan Agung Anyakrakusuma?
2. Kepriyé pambudidayané Kanjeng Sultan Agung kanggo nggayuh idham-idhamané kuwi?
3. Coba sebutna para tetungguling manggalayuda ing Mataram kang mandhégani prajurit Mataram utusané Kanjeng Sultan Agung Anyakrakusuma!
4. Ping pira Kanjeng Sultan Agung utusan nggecak Kumpeni ana ing Betawi?
5. Généya pambudidayané Kanjeng Sultan Agung Anyakrakusuma cabar?

C. Wacanen kang patitis, laguné sing trep!

1. Upama siasaté Sultan Agung ora kasumurupan ing Kumpeni, Sultan Agung mesthi menang perangé.
2. Upama kowé ngabari yén ora bisa teka, aku mesthi réné dhèk embèn-embèn.
3. Upama durung kebanjur kotawakaké Bulik, aku gelem nuku.
4. Upama sida budhal wingi, ora wurung mesthi tlingsingan ana ndalan.
5. Upama nèng SD biyèn ora nunggak, saiki aku wis klas telu.

II. Tuladha:

Sing digethingi Sultan Agung kuwi wataké bangsa penjajah sing **srakah** sarta ambek adigang, adigung lan adiguna.

A. *Ceceg-ceceg ing ngisor iki isènana tembung sing cocog sing cumawis ing ngisor!*

1. Ngendi ana penjajah wataké ... paramarta, ... bawa lek-sana.
2. Sing lumrah penjajah kuwi wataké ... *serakah*
3. Penjajah kuwi pancèn ..., akal lan kapinterané kanggo ngakali lan kanggo ngerèh bangsa liya. *julig*

4. Kowé kuwi pancèn sapa-sapa koapusi.
5. Réwangé Ibu ditokaké amarga konangan wataké sing dhemen ngunthet dhuwit blanjaan pawon.

a. slingkuh	d. culika
b. julig	e. adil
c. srakah	f. bèrbudi

B. Tembung-tembung ing ngisor iki gawénen ukara sing luwes!

1. geleman duwe watak gampang salam
2. tegelan duwe watak tegel
3. mentalan ————— mentala
4. mblubud ora duwe ewuh pakewuh (tak meli)
5. panastèn atine gampang panas (jahat)
6. daksiya duwe watak siya² nyang liyan
daksiya X ambeg wadanan

III. Tuladha:

Sultan Agung kalah **amarga** sedhiyané pangan konangan Kumpeni. Ukara kuwi jenengé ukara camboran kang kedadéyan saka ukara lamba loro cacahé, yaiku:

- ukara kapisan : Sultan Agung kalah
- ukara kapindho : Sedhiyané pangan konangan Kumpeni

Gandhèngé ukara kapisan karo ukara kapindho mawa tembung panggandhèng **amarga**.

Dadiné ukara camboran, ukara kapindho (sedhiyané pangan konangan Kumpeni) dadi katrangané ukara kapisan (Sultan Agung kalah), yaiku katrangan kang mratélaké sabab, jenengé *katrangan sabab*.

Ukara-ukara camboran ing ngisor iki rampungna!

1. Sardi ora munggah amarga ora tau sinau.
2. Aku ora mlebu sekolah amarga ...! ora
3. Sudir didukani Pak Guru amarga ...! sopo dina tekane kasep
4. Tekaku kasèp amarga banjir
5. Taun iki Bapak ora panèn amarga bandurane diseran
6. Méméané ora garing amarga ...! udane gedhe.

7. Aku ora sida ndhèrèk Bulik amarga ..*Sesuk ulangan*
8. Baskara ditokaké saka sekolahan amarga ..*Ketep padu*
9. Wisnu kepeksa ditinggal kancané amarga ..*durung larqi*
10. Keboné Bapak ora sida didol amarga ...*wis embuk dhuwit*

IV. Alinéa kapisan wacan ing dhuwur tulisen nganggo aksara Jawa!

Kanjeng Sultan Agung Anyakrakusuma mbidhalaken prajurit Mataram nggecak Kumpeni wonten ing Betawi. ...nganti tekan: ..., kados utusanipun ingkang kepengker.

V. Alinéa kapindho lan alinéa katelu wacan ing dhuwur owahana dadi ngoko alus!

Wiwitana ngéné:

Utusané Kanjeng Sultan Agung Anyakrakusuma kang kapisan cabar, ora éntuk gawé. ... lan sapituruté.

VI. Wacanen kang patitis, banjur apalna ana ing ngarep klas!

Guritan Anyar

Galo mitra, rungokna
 lamat-lamat swaraning kidung.
 Bisa temen gawé geter rasa
 ngosak-asik isining jantung.

Ah, kiraku mitra
 dudu gumonthanging gambang kang ilang kabuncang
 utawa kethèring gendèr benthèting swara.
 Nanging getering rasa kadayan swasana
 wiramaning jiwa anut ing mangsa.

Aku kayungyun mitra
 ngumbara katut uleming lagu
 ndedel nggayuh langit sap pitu
 Liwat méga kang putih malang
 tumuju lintang abyor ing tawang

Yagéne sumitra, swara bléro iku
ndadak ngreridhu ngogrèh-ogrèh laku.
Ngajak sumusup ing mendhung ngendhanu
datan weruh ingkang tinuju.


Aku kuwatir mitra, yèn sasar lakuku
nyuwun tuduh gondhèlan astamu.
Bisaa lelumban mèlu ngajangi
anut ing jaman kang dilakoni.

(Suyadi Pratomo, *Medan-Bahasa
Basa Jawi*, Nomor 1 Taun ka-4)

Wulangan ka-9

I. A. Wacanen kang patitis!

Takwa marang Gusti Kang Murbèng Dumadi



- Ikhsan : Mbah, badhé matur punapa kepareng?
Embah : Pareng baé, matur wé thik ora pareng.
Ikhsan : Inggih kula kajengaken punapa Embah sela.
Embah : O, kuwi ta. Upama ora sela rak ya diselak-selakaké, wong putuné arep matur. Ngapa ta kok sajak wigati temen.
- Ikhsan : Inggih, Mbah, pancèn wigatos sanget.
Embah : Piyé ta, piyé?
Ikhsan : Ngaten, Mbah. Kula sakanca punika dipun paringi garapan Pak Guru, dipun dhawuhi

damel karangan cekak bab Ketakwaan terhadap Tuhan Yang Maha Esa.

Embah : Ya wis, gèk ndang diwiwiti!

Ikhsan : Lha punika, Mbah. Mila kula matur Embah punika jalaran kula dèrèng saged wiwit ngarang. Awit, tegesipun tembung takwa terhadap Tuhan Yang Maha Esa punika kémawon kula dèrèng ngertos.

Embah : O, dadi, genahé kowe kuwi arep nyuwun priksa Embah bab maknané unèn-unèn kuwi, ngono pa piyé?

Ikhsan : Kesinggihan, Mbah. Menawi Embah sela kula nyuwun dipun terangaken prakawis punika.

Embah : Yoh, Nganggo basa Jawa tur ringkes baé, ya.

Ikhsan : Inggih, Mbah.

Embah : Ngéné. Aku, kowe, ibumu, bapakmu, adhimu, cekaké kabèh manungsa, kuwi titahing Gusti Allah, Gusti Kang Akarya Jagat. Manungsa dititahaké ana ing alam donya iki ora ijèn. Kancané akèh. Kéwan sawernaning kéwan, tetuwuhan sawernaning tetuwuhan, lan jagat saisiné iki uga titahing Gusti Allah, dadi kanthiné manungsa urip ana ing alam donya. Padha-padha titahing Gusti Allah, manungsa kuwi titah sing luhur dhéwé. Nanging, manungsa uga bisa keplorot drajaté dadi titahing Gusti Allah sing asor lan nistha dhéwé. Bab kuwi gumantung marang pakartiné manungsa kuwi dhéwé.

Ikhsan : Wah, kula bingung, Mbah, boten mudheng.

Embah : Iya baé, wong durung dakjlènrèhaké. Liré ngéné. Manungsa dititahaké ana ing alam donya iki diparingi prabot arupa akal lan budi, sing ora diparingaké marang titah-titah saliyané manungsa.

Kersané Gusti Kang Murbèng Dumadi, kanthi akal lan budiné kuwi, manungsa bisaa nata jagat saisiné iki.

- Ikhsan : O, ngaten, Mbah.
- Embah : Hee. Lha, supaya kena kanggo praboting manungsa nata jagat saisiné, akal lan budi kuwi kudu tansah diasah. Tegesé, ora kena kendhat manungsa kudu tansah tegegen lan mugen ngudi undhaking kawruh. Akal yèn tansah diasah dadi landhep, wong dadi sugih kawruh, sugih kapinteran, lan sugih akal. Déné budi, yèn tansah diasah njalari wong banjur kadunungan budi luhur. Lha ya kapinteran lan budi kang luhur kuwi sing dadi praboting manungsa nata jagat saisiné, kaya dhawuhing Gusti Allah.
- Dadi, ringkesé: wong sing ora kendhat tansah ngudi marang undhaking kawruh lan luhuring budiné kanggo mranata donya saisiné kaya kersané Sing Gawé Urip, ateges wong kuwi wis netepi dhawuhing Gusti Allah. Ya uwong sing kaya ngono kuwi sing kena diarani wong sing takwa marang Gusti Kang Murbèng Dumadi.
- Ikhsan : Sapunika kula sampun radi mudheng, Mbah.
- Embah : Sokur yèn wis mudheng.
- Ikhsan : Punapa saged kula ringkes ngaten, Mbah? Tiyang ingkang takwa dhateng Gusti Allah punika tiyang ingkang tansah nindakaken dhawhipun Gusti Allah, sarta tansah nebihi awisan saha pepacuhipun Gusti Inkang Murbèng Dumadi
- Embah : Pancèn lantip tenan kowé. Yèn ngono coba terangna, sapa sing klebu ewoné uwong sing ora takwa marang Gusti Kang Akarya Jagat.
- Ikhsan : Wah, nyuwun pangapunten, Mbah, kula boten saged.
- Embah : Ha ya dicoba, no.
- Ikhsan : Menawi klèntu nyuwun dipun leresaken inggih, Mbah.
- Embah : Yoh.
- Ikhsan : Tiyang ingkang boten takwa dhateng Inkang

Maha Kuwaos punika tiyang ingkang tansah damel risak. Akal lan budinipun boten kanggé nindakaken dhawuhing Gusti Allah nata donya saisinipun, nanging malah kanggé ngakali tiyang sanès, kanggé ngrisak pranataning negari, kanggé nerak angger-anggering Gusti Allah. Akal lan budinipun boten kanggé nggayuh kaluhuran, katentreman saha kamulyaning gesang, nanging malah kanggé nggayuh bab-bab ingkang saèstu dados awisani-pun Gusti Allah. Punapa ngaten, Mbah.

Embah : Yèn ora klèru, kurang luwihé ya ngono kuwi. Sing mesthi, wong sing kaya ngono kuwi selawasé urip ora bakal bisa ngunjukaké rasa syukur marang Gusti Kang Maha Murah tumrap sakabèhing peparang lan kamurahané.

Ikhsan : Kala wau Embah ngendika bilih manungsa punika luhur-luhuring tumitah, nanging ugi saged keplorot drajatipun dados asor-asoring tumitah. Punika kados pundi, Mbah, lirisun?

Embah : Diarani luhur-luhuring titah yèn manungsa kuwi tansah takwa marang Gusti Kang Akarya Jagat, lan keplorot dadi asor-asoring titah yèn manungsa kuwi ora gelem takwa marang Gusti Kang Murbèng Dumadi. Piyé, rak wis mudheng ta? Yen wis mudheng enggal garapen dhawuhe bapak gurumu kuwi.

Ikhsan : Inggih, Mbah, kula sampun mudheng. Kula énggal badhé wiwit ngarang.

B. Wangsulana kang patitis!

1. Ikhsan didhawuhi apa karo bapak guruné?
2. Généya Ikhsan ora énggal wiwit ngarang?
3. Urip ana ing alam donya, manungsa diparingi prabot apa karo Gusti Allah?
4. Kersané Gusti Allah, manungsa dititahaké ana ing alam donya didhawuhi apa?

5. Endi sing diarani uwong sing takwa marang Gusti Kang Murbèng Dumadi?
6. Manungsa sing keplorot drajaté dadi asor-asoring titah kuwi manungsa sing kepriyé?

C. **Wacanen sing patitis, tembung sing cap-capané kandel kedalna sing trep!**

1. Wong njaluk ngapura kuwi kudu **lair batin**. Ora kena **lairé** njaluk ngapura nanging **batiné** grundelan.
2. Jamu iki **pait**. **Paité** ngungkuli bratawali.
3. Penemuku lan penemumu wis bisa **jumbuh**. Jumbuhé penemuku lan penemumu kaya **jumbuhé** uyah lan asiné.
4. Yèn disetiari lan **disuwun** kanthi mantheng, **panyuwuné** mesthi kabul.

II. A. **Ceceg-ceceg ing ngisor iki isènana tembung sing cocog sing cumawis ing sisih tengen!**

- | | |
|---|---|
| <ol style="list-style-type: none"> 1. Menawi sepen ing ... saha dhang an ing penggalih, mangké dalu penjenengan kula suwun rawuh wonten ing gubug kula. 2. Pangéram-éram utawa lelakon kang nyimpang saka kodrat marga panggawéning para nabi atas kersaning Pangéran minangka tandha bukti, jengengé 3. Dongané ..., kaidèn ing Gusti Allah. 4. Wong sing kandel ... ora gampang ngresula lan nglokro. 5. Wong sing imané kandel, tansah ... ing sajroné nandhang kasusahan. | <ol style="list-style-type: none"> a. mustajab b. tawakal c. imané d. tangadur e. mukjijat |
|---|---|

B. **Tembung-tembung ing ngisor iki gawénen ukara sing luwes!**

1. akrab
2. akérat

3. alamat
4. amanat
5. aral
6. mubadir
7. khasiyat
8. donga
9. karam
10. gaib

III. Tuladha:

Coba terangna, sapa sing klebu éwone wong sing ora takwa marang Gusti Kang Murbènè Dumadi!

Terangna kuwi tembung rimbag agnya, ngemu surasa **akon supaya di terangaké**.

A. *Mara ceceg-ceceg ing ngisor iki isènana tembung rimbag agnya sing cumawis ing ngisor!*


1. Kulit rambutan kuwi banjur buwangen ana ing pawuhan!
2. Aku ... banyu saèmber baé, arep dakenggo nyirami anggrèk iki!
3. Pitmu daktambalaké ana ing bèngkèl kidul kono, mengko ...!
4. Yèn kowé kepéngin, ... dhéwé, milih sasenangmu!
 - a. njupuka
 - b. jupukana
 - c. jupuken
 - d. jupukna
5. Yèn arep budhal, budhala, ning aja lali adhimu ...!
6. Layang iki ... nyang nggoné masmu!
7. Yèn sida menyang Kedhiri, ... nyang nggoné Yu Siti!
 - a. mampira
 - b. ampirana
 - c. ampirna


8. Yèn sida menyang Semarang, aku ... blimbing Demak rong kilo baé!
9. Radhioku iki ... selawé `ewu baé!
10. Mengko menyang pasar, ... pakan pitik telung kilo!
 - a. tukua
 - b. tukokna
 - c. tukunen


B. *Gawéa ukara nganggo tembung-tembung rimbag agnya ing ngisor iki!*


- | | |
|-------------|-------------|
| 1. balia | 6. nggawaa |
| 2. balènana | 7. gawanen |
| 3. balèkna | 8. gawanana |
| 4. takona | 9. gawakna |
| 5. takonana | 10. takokna |

IV. Tuladha:

dolan + a = dolana : 

silih + ana = silihana : 

buwang + en = buwangen : 

susul + na = susulna : 

Tulisen nganggo aksara Jawa kaya tuladha ing dhuwur!

- | | |
|--------------|--------------|
| 1. adusa | 9. jabuten |
| 2. ajara | 10. isisen |
| 3. munggaha | 11. pakanana |
| 4. ngadhanga | 12. silihana |
| 5. mangkata | 13. jupukana |
| 6. silihen | 14. jupukna |
| 7. balangen | 15. balèkna |
| 8. jupuken | |

V. Tuladha:

1. Muga-muga Gusti Kang Maha Asih **paring** katentreman lan pangayoman. (**ukara ngoko alus**)
2. Mugi-mugi Gusti Inggang Maha Asih paring katentreman lan pangayoman. (**ukara krama alus**)

A. *Mara ukara-ukara ngoko alus ing ngisor iki owahana dadi krama alus!*

1. Bulik **tindak** Kedhiri, **sowan** Embah karo sisan gawé tilik Dhik Andri.
2. Budhé **mundhut** sarung, arep **diparingaké** Mas Bawa.
3. Omah sungsun cèté wungu kaé **dalemé** Pak Wito.
4. Sédhan putih sing diparkir ana ngiringan omah kaé **kagungané** Pak Parto.
5. Bubar sembahyang subuh, Bapak **tindak-tindak** karo Ibu.

B. *Gawéa ukara ngoko alus nganggo tembung-tembung ing ngisor iki, banjur owahana dadi ukara krama alus!*

1. siram
2. saré
3. wungu
4. ngunjuk
5. dhahar
6. rawuh
7. ngendika
8. tindak
9. lenggahan
10. muwun

VI. Pacelathon ing dhuwur apalna banjur tindakna karo kancamu ana ing ngarep klas!

Wulangan ka-10

I. A. Wacanen batin!

Balé Sigalagala



Wongsal-wangsul Sata Kurawa namakaken rékadaya murih sirnanipun kadang Pandhawa. Nanging, Pandhawa tansah pinayungan ing kamirahaning Bathara, lepat saking paékani-pun kadang-kadang nakndhèrèkipun punika.

Rumaos katelasan cara anggènipun badhé nyirnakaken sadhèrèkipun nèm, ing satunggaling dinten Duryudana sowan marak wonten ing ngarsanipun ingkang rama, Prabu Drestarasta. Aturipun Duryudana, "Dhuh, Kanjeng Rama, jejimat kula, pepundhèn kula. Gotèking ngakathah, para kawula ing Astina badhé sowan marak wonten ing ngarsanipun Kanjeng Rama,

munjuk atur prakawis wisudhanipun Adhimas Yudhisthira jumeneng nata ing Astina, nggentosi kalenggahanipun Paman Prabu Pandhudéwanata, jer samangké pun adhi kadang Pandhawa sampun sami ngancik diwasa. Menawi gotèking ngakathah punika kepara nyata, lajeng kados pundi kawontenan kula sakadang mangké. Boten sandé, kula dalah kadang Kurawa sedaya badhé dados rèh-rèhanipun kadang Pandhawa. Pramila awit saking punika, mugi wontena keparengipun Kanjeng Rama, kadang Pandhawa badhé kula sirnakaken kémawon.”

Midhanget aturipun ingkang putra, Prabu Drestarasta sakala njegreg pindha tugu sinukarta, sapandurat boten saged paring pangandika. Sasampunipun sarèh sawatawis, Prabu Drestarasta saweg kepareng paring wangsulan. Prabu Drestarasta satuhu boten nyondhongi panyuwunipun ingkang putra, awit pepénginan punika saestu nalisir saking anggering kautamèn saha nyimpang saking darmaning satriya tama.

Duryudana sakadang boten mundur sapecak. Kanthi sesidhemana Duryudana utusan abdi pinitados, kadhawuhan yasa balé pasanggrahan wonten ing dhusun Waranawata, dhusun ingkang asri ingkang mapanipun wonten ing sukuning redi ing sacelaking wana. Balé punika ingkang dipun damel deling petung ingkang ing nglebetipun dipun isèni damar. Mila katelah nama balé sigalagala, tegesipun balé ingkang isinipun gala.

Sasampunipun balé punika dados, kanthi ulat manis saha tetembungan manuhara, Duryudana dhawuh dhateng ingkang rayi, Yudhisthira sakadang, kinèn ameng-ameng dhateng dhusun-ngadhusun, saperlu pados indhaking seserepan, minangka sangunipun anggènipun ing bénjing jumeneng nata ing Astinapura. Amrih saged pana nguningani watak-wantunipun kawula alit ing padhusunan, kadang Pandhawa kadhawuhan masanggrah ing balé pasanggrahan, ing sawatawis wekdal.

Pandhawa boten gadhah raos sanggarunggi dhateng pangandikanipun kadang sepuhipun. Sasampunipun siyaga ing se-dayanipun, punapa déné malih sampun nyuwun pamit dalah nyuwun pangèstu dhateng ingkang uwa Prabu Drestarasta, dhateng ingkang paman Arya Yamawidura, dalah dhateng ingkang éyang Resi Wara Bisma, Pandhawa dalah ingkang ibu Dewi

munjuk atur prakawis wisudhanipun Adhimas Yudhisthira jumeneng nata ing Astina, nggentosi kalenggahanipun Paman Prabu Pandhudéwanata, jer samangké pun adhi kadang Pandhawa sampun sami ngancik diwasa. Menawi gotèking ngakathah punika kepara nyata, lajeng kados pundi kawontenan kula sakadang mangké. Boten sandé, kula dalah kadang Kurawa sedaya badhé dados rèh-rèhanipun kadang Pandhawa. Pramila awit saking punika, mugi wontena keparengipun Kanjeng Rama, kadang Pandhawa badhé kula sirnakaken kémawon.”

Midhanget aturipun ingkang putra, Prabu Drestarasta sakala njegreg pindha tugu sinukarta, sapandurat boten saged paring pangandika. Sasampunipun sarèh sawatawis, Prabu Drestarasta saweg kepareng paring wangsulan. Prabu Drestarasta satuhu boten nyondhongi panyuwunipun ingkang putra, awit pepénginan punika saèstu nalisir saking anggering kautamèn saha nyimpang saking darmaning satriya tama.

Duryudana sakadang boten mundur sapecak. Kanthi sesidhemman Duryudana utusan abdi pinitados, kadhawuhan yasa balé pasanggrahan wonten ing dhusun Waranawata, dhusun ingkang asri ingkang mapanipun wonten ing sukuning redi ing sacelaking wana. Balé punika ingkang dipun damel deling petung ingkang ing nglebetipun dipun isèni damar. Mila katelah nama balé sigalagala, tegesipun balé ingkang isinipun gala.

Sasampunipun balé punika dados, kanthi ulat manis saha tetembungan manuhara, Duryudana dhawuh dhateng ingkang rayi, Yudhisthira sakadang, kinèn ameng-ameng dhateng dhusun-ngadhusun, saperlu pados indhaking seserepan, minangka sangunipun anggènipun ing bénjing jumeneng nata ing Astinapura. Amrih saged pana nguningani watak-wantunipun kawula alit ing padhusunan, kadang Pandhawa kadhawuhan masanggrah ing balé pasanggrahan, ing sawatawis wekdal.

Pandhawa boten gadhah raos sanggarunggi dhateng pangandikanipun kadang sepuhipun. Sasampunipun siyaga ing sedayanipun, punapa déné malih sampun nyuwun pamit dalah nyuwun pangèstu dhateng ingkang uwa Prabu Drestarasta, dhateng ingkang paman Arya Yamawidura, dalah dhateng ingkang éyang Resi Wara Bisma, Pandhawa dalah ingkang ibu Dewi

Kunthi bidhal lelana brata. Kanggé samudana, Suyudana utusan ingkang abdi, Purocana, kinèn ndhèrèkaken tindakipun ingkang rayi kadang Pandhawa, miwah kadhawuhan ngladosi dharipun.

Ing satunggaling dinten, nalika kadang Pandhawa saweg ngaso wonten ing balé pasanggrahan, wonten utusanipun ingkang paman Arya Yamawidura, nama Kanana, sowan marak. Aturipun Kanana, kadang Pandhawa kinèn ngatos-atos, awit mangke ing malem tanggal 14 wulan punika Purocana kadhawuhan mbesmi balé pasanggrahan ing kalanipun kadang Pandhawa dalah ingkang ibu nedheng-nedhengipun saré. Nanging, kasuwun Pandhawa boten perlu kuwatos. Awit, Kanana badhé yasa trowongan sinandi, kanggé marginipun kadang Pandhawa lolos saking balé pasanggrahan punika.

Ing dinten ingkang dipun temtokaken, Pandhawa ngajak kembul dhahar sesarengan kaliyan Purocana. Purocana ical kaprayitnanipun, anggènipun nedha keladuk kathah, malah nganggé minum inuman keras, njalari lan mendemipun. Purocana mendem, ngalumpruk pindha yaksa pejah. Ing nalika punika Pandhawa lajeng mbesmi balé pasanggrahan. Nalika latu murub ngalad-alad, Bima, panenggaking Pandhawa, mbo-pong sedhèrèk-sedhèrèk dalah ingkang ibu, kabekta mlajeng medal nurut trowongan sinandi, njedhul-njedhul sampun wonten ing satengahing wana. Pandhawa wilujeng, lepat saking paékanipun ingkang raka, Duryudana.

Kacariyos ing nagari Astina. Midhanget aturipun kawula ing padhusunan bab balé pasanggrahan ingkang kabesmi ing wanci dalu, Prabu Drestarasta dalah Resi Wara Bisma saka-langkung sungkawa ing galih ngantos boten saged ngampet wedaling waspa. Namung Arya Yamawidura ingkang gumujeng ing batos, awit mangertos ingkang sejatosipun kedadosan ing Waranawata. Déné Suyudana dalah rayi-rayinipun bingah-bingah awit rumaos ical klilipipun.

B. Wangsulana kang patitis!

1. Pandhawa karo Kurawa kuwi keprenah apa?
2. Sasédané ingkang rama, généya Yudhisthira ora tumuli nggentèni jumeneng ratu?

3. Généya Suyudana tansah maéka kepéngin nyirnakaké Pandhawa?
4. Apa pepénginané Suyudana kuwi disarujuki ramané?
5. Crita Balé Sigalagala kuwi ngemu pitutur apa?

II. A. Ceceg-ceceg ing ngisor iki isènana tembung sing cocog sing cumawis ing ngisor!

1. Rakyat lan para punggawa désa padha klumpukan ana ing ..., ngrembug prakara "listrik masuk desa".
2. Pesakitan mau diarak menyang ..., ngentèni putusaning pradata.
3. Paribasan "kéré munggah ing ...," tegesé wong asor didadèkaké luhur.
4. Ing tengahing blumbang (tlogan) ana omahé, jenengé
5. Dhasaré pancèn resikan, ketara anggoné nata ... disawang sarwa ngresepaké.
 - a. balé omah
 - b. balé kambang
 - c. balé desa
 - d. balé
 - e. balé mangu

- B. Balé kuwi tegesé warna-warna. Bisa ateges panggonan, omah, pendhapa, lan uga bisa ateges ambèn.**
Mara gawéa ukara nganggo tembung-tembung ing ngisor iki sing umumé ngemu teges papan, omah, utawa panggonan!

1. cakruk
2. gréja
3. langgar
4. pura
5. lumbang
6. gubug
7. panggung
8. warung
9. pasanggrahan
10. hotèl

III. Tuladha:

Purocana turu kepati. (ukara lamba)

Pasanggrahan kuwi diobong. (ukara lamba)

Nalika Purocana turu kepati, pasanggrahan kuwi diobong. (ukara camboran)

Pasanggrahan kuwi diobong **nalika** Purocana turu kepati. (ukara camboran)

Nalika = tembung panggandhèng

Gawéa ukara camboran nganggo tembung-tembung panggandhèng ing ngisor iki!

- | | |
|--------------|-----------|
| 1. sawisé | 6. supaya |
| 2. sadurungé | 7. mula |
| 3. nalika | 8. angger |
| 4. sarèhné | 9. utawa |
| 5. amarga | 10. déné |

IV. Tulisen nganggo aksara Jawa!

Kacariyos ing nagari Astina. Midhanget aturipun kawula ing padhusunan bab balé pasanggrahan ingkang kabesmi ing wanci tengah dalu, Prabu Drestarasta dalah Resi Wara Bisma sakalangkung sungkawa ing galih temah boten saged ngampet wedaling waspa. Namung Arya Widura ingkang ing batos gumujeng awit wuninga punapa ingkang kedadosan ing Waranawata ing saleresipun. Déné Duryudana dalah rayi-rayinipun sami bingah-bingah jalaran rumaos ical klilipipun.

V. Wacanen sing patitis laguné sing trep, banjur apalna!

Janturan Jejer ing Nagari Dwarawati

Swuh rep data pitana, anenggih nagari pundi ingkang kaéka adi dasa purwa. Eka sawiji adi luwih dasa sepuluh purwa kawitan. Sanyadyan kathah titahing déwa ingkang kasongan ing akasa kasangga ing pretiwi kaapit ing samodra, kathah ingkang sami anggana raras boten wonten kados nagari Dwarawati ya Dwaraka ingkang pantes kinarya bebukaning carita. Mila kinarya bebuka, ngupayaa nagari

satus tan angsal kalih, sèwu datan antuk sedasa. Mila winastan ing Dwarawati: palawanganing jagad utawi wewenganing rahsa, Dwaraka panggènan pambuka.

Dhasar nagari panjang punjung pasir wukir loh jinawi gemah ripah karta tur raharja. Panjang dawa pocapané, punjung luhur kawibawané, pasir samodra wukir gunung, déné nagari Dwarawati angungkuraken pagunungan ngéringaken pasabinan nengenaken benawi angayunaké bandharan gedhé. Loh tulus ingkang sarwa titandur, jinawi murah kang sarwa tinuku. Gemah wong kang lumaku dagang rintèn dalu datan ana pedhoté labet tan ana sangsayané margi. Aripah janma manca kang sami gegriya ing salebeting praja jejel apipit pangrasa aben cukit tepung taritis papan wiyar katingal rupak saking arjaning nagari. Karta kawula ing padhusunan padha tentrem atiné, mungkul pangulahing tetanèn. Ingon-ingon kebo, sapi, pitik, iwèn datan ana cinancangan, rahina aglar ing pangonan yèn bengi padha mulih marang kandhangé dhéwé-dhéwé. Raharja tebih ing parangmuka, déné para mantri bupati padha kontap kautamané, wicaksana limpad ing kawruh putus marang wajib pangerèhing praja, tansah ambudi wewahé kaluhuraning Nata. Dhasar nagara gedhé oboré padhang jagaté dhuwur kukusé adoh kuncarané. Boten tanah Jawi kémawon ingkang sumuyud, sanadyan ing tanah sabrang kathah ingkang sami sumawita tanpa kalawan krananing bandayuda, amung kayungyun pepoyaning kautaman, bebasan ingkang celak manglung ingkang tebih tumiyung, saben antara mangsa asok bulu bekti glondhong pangareng-areng, pèni-pèni raja pèni guru bakal guru dadi.

VI. Wacanen kang patitis, banjur lagokna!

Suluk Pathetan Slendro 9

Sansaya dalu araras abyor kang lintang kumendhap.
Titi sonya tengah wengi lumrang gandaning puspita.

O

Karengwaning pudyanira, o

Sang Dwijawara mbrenggeng.


Lir swaraning madubranta.

O, o

Wulangan ka-11

I. A. Wacanen kang patitis!

Gugur Gunung



- Sidik : Pak, kala wau Pak Kepala Dhukuh tindak mriki.
Bapak : Jam pira?
Sidik : Saweg kémawon. Watawis setengah jam.
Bapak : Sajaké ana kersa apa?
Sidik : Anu, Pak. Ngendikanipun Pak Dhukuh wonten dhawuh saking klurahan bilih bénjing énjing warga dhukuh Brangkal tampi giliran gugur gunung.
Bapak : Sésuk ésuk?
Sidik : Inggih, Pak. Nglempak wonten dalemipun Pak Dhukuh pukul nem, dipun dhawuhi ngasta prabot.

- Bapak : Jam nem? Apa ora késuken?
Wah, pancèn mesakaké. Saben mangsa rendheng mesthi dhadhal.
- Sidik : Tanggul Lèpèn Dengkèng, Pak?
- Bapak : Hee. Saben mangsa rendheng mesthi dhadhal.
- Sidik : Inggih, Pak. Sekolahan kula ugi sampun tampi dhawuh saking Kecamatan, laré-laré kadhawuhan mbekta karung plastik. Laré setunggal sekedhikipun kadhawuhan mbekta setunggal.
- Bapak : Kowé ya wis numpuk?
- Sidik : Sampun. Kala wingi kula numpuk kalih, ingkang maringi Ibu.
- Bapak : Sokur yen wis numpuk.
Pokoké yèn ana dhawuh apa baé sing ana gandhèng cènèngé karo bab tetulung kuwi sing cékat-cèket. Aja direndhé-rendhé, selak mesakaké.
- Sidik : Inggih, Pak. Dinten punika wau ing sekolahan kula sampun nglempak karung watawis wolung atusan lembar. Kaliyan kanca Pengurus OSIS lajeng dipun caosaken dhateng Kecamatan.
- Bapak : Wah, ya akèh kuwi. Mesthiné karung kuwi sésuk rak wis tekan panggonané Bapak gugur gunung kuwi.
- Sidik : Mesthinipun ngaten, Pak.
- Bapak : Karung kuwi sésuk diisèni wedhi, banjur ditata kanggo nambal tanggul sing jebol kuwi.
Mesakaké wong-wong désa Padhas sing padha manggon ing sakiwatengené Kali Dengkèng kuwi. Angger ngancik mangsa rendheng atiné ora jenjem, tansah melang-melang.
- Sidik : Tujunipun warga dhusun sanèsipun sami ènthèngan inggih, Pak. Uger wonten tanggul dhadhal lajeng tumuli sami cancut gugur gunung.
- Bapak : Kuwi wis dadi wataké bangsané dhéwé. Dhemen tetulung marang sapa baé sing perlu diwènèhi pitulungan. Panandhangé wong liya, anggepé ya panandhangé dhéwé. Wong liya susah, mèlu susah. Wong liya kasangsaran, énggal-énggal

urun bau suku, iguh pratikel, utawa apa baé sing dhèwèké kecongah, kanggo ngènthèng-ènthèngi wong sing nandhang kasangsaran kuwi.

Sidik : Bénjing Minggu pukul sanga kanca-kanca Pramuka panggénan kula ugi badhé gugur gunung dhateg Padhas, Pak. Bokmenawi taksih wonten bab-bab ingkang perlu dipun réncang-réncangi ngleresaken.

Bapak : Ya sokur, yèn bocah-bocah wis gelem mikir sing nganti tekan semono.

Sidik : Inggih, Pak.

B. Wangsulana kang patitis!

1. Saka klurahan ana dhawuh apa?
2. Sapa sing nekakaké dhawuh saka klurahan?
3. Warga Dhukuh Brangkal éntuk giliran gugur gunung menyang ngendi?
4. Ana ing sekolahan Sidik tanpa dhawuh apa saka kecamatan?
5. Karung plastik kuwi arep kanggo apa?
6. Piyé tangkepé wong Indonesia marang wong-wong kang padha nandhang kasangsaran?

C. Wacanen kang patitis!

1. a. Sing rubung-rubung kaé sapa?
b. O, kaé wong gugur gunung ndandani tanggul.
2. a. Sing gugur gunung wong pira?
b. Kira-kira wong sewidak.
3. a. Tanggul kuwi kapan anggoné dhadhal?
b. Dhèk malem Jumuwah Kliwon, nalika ana udan deres kaé.
4. a. Sing padha arep gugur gunung padha nggawa apa?
b. Sing padha arep gugur gunung padha nggawa piranti rupa-rupa, ana sing nggawa pacul, ana sing nggawa arit, ana sing nggawa linggis, lan liya-liyané.
5. a. Wong-wong sing padha gugur gunung diopahi pira?
b. Wong-wong kuwi ora padha diopahi, wong jenengé baé gugur gunung.

II. A. Ceceg-ceceg ing ngisor iki isènana tembung sing cocog, sing cumawis ing ngisor!

1. Ing upacara sekatèn, ... kuwi diarak menyang mesjid bina-rung unining gendhing.
2. Ali-aliné awangun
3. Wong-wong padha ... ndandani pager pasaréyan.
4. Wayah ... lakuku sakanca wis tekan ing pos kang pungkasan.
5. Repin kaé wis suwé manggon ing kutha, nanging nyan-dhang nganggo lan solah tingkahé isih
6. Ing tanah Jawa akèh ... sing wis ora tau njeblug manèh.
7. Hawa ing ... kuwi adhem, mula cocog banget kanggo papan palereban.
8. Gambar kaé ..., yèn disawang saka kadohan éndah ngresep-aké nanging yén dicedhaki njuwarèhi.

- | | |
|-------------------|--------------------|
| a. sri gunung | e. gunung geni |
| b. gunungan | f. gugur gunung |
| c. gunung sipikul | g. nggunungi |
| d. pegunungan | h. tunggang gunung |

B. Paribasan-paribasan iki terangna tegesé!

1. Kerubuhan gunung.
2. Kejugrangan gunung menyan (kembang).
3. Keté pang ngrangsang gunung.
4. Dieletana gunung sap pitu.
5. Ngontragaké gunung.

III. Tuladha:

Yèn budhal jam nem apa ora **késuken**.

Tembung "késuken" kuwi jenengé tembung **rimbag adiguna**. Asalé saka tembung lingga **ésuk** oleh **ater-ater ke** lan **panambang en**. Tembung rimbag adiguna kuwi ngemu teges luwih saka ukuran sing samesthiné. Dadi, tembung "késuken" tegesé **ésuké** ngungkuli ukurané wong mangkat gugur gunung.

Mara tembung-tembung rimbag adiguna ing ngisor iki gawénen ukara sing luwes!

1. keciliken
2. kedhuwuren
3. kedawan
4. kegedhèn
5. kejeron
6. kewengèn
7. kepanasen
8. keciyuten

Kajaba **tembung rimbag adiguna**, ana **tembung rimbag guna**. Yaiku, tembung lingga sing éntuk panambang en kang ngemu surasa kadunungan kaanan utawa nandhang kang kasebut ing linggané. Umpamané kaya kang tinemu ing ukara iki:

Saking wediné nganti **dhèngkèlen**, arep mlayu ora bisa.

Mara tembung-tembung rimbag guna ing ngisor iki gawénen ukara sing luwes!

1. singunen
2. wudunen
3. bèlèken
4. kukulen
5. panunen
6. kringeten
7. gudhigen
8. tom-tomen

IV. Tuladha:

Dhemen tetulung kuwi wis dadi wataké **bangsané dhéwé**, bangsa Indonesia.

bangsa = ꦧꦒꦱ

bangsané = ꦧꦒꦱꦤ

Tulisen nganggo aksara Jawa kaya tuladha ing dhuwur!

1. a. tangga
b. tanggané
2. a. nangka
b. nangkané
3. a. andha
b. andhané
4. a. kandha
b. kandhané
5. a. tamba
b. tambané
6. a. tampa
b. tampané
7. a. kanca
b. kancané
8. a. ganja
b. ganjané

V. Tuladha:

- a. Bapak **ngasta** pacul, badhé gugur gunung ndandososi tanggul.
(ukara krama alus)
- b. Bapak **ngasta** pacul, arep gugur gunung ndandani tanggul.
(ukara ngoko alus)

Mara ukara-ukara krama alus ing ngisor iki owahana dadi ukara ngoko alus kaya tuladha ing dhuwur!

1. **Ngendikanipun** Pak Dhukuh, bénjing énjing warga Dhukuh Brangkal tampi giliran gugur gunung.
2. Kula ugi sampun tampi **dhawuh** saking kecamatan.
3. Nglempakipun wonten ing **dalemipun** Pak Dhukuh, kirang langkung pukul nem.
4. Bapak **ngendika** bilih gotong royong punika sampun dados watakipun bangsa Indonesia.
5. Nalika Pak Dhukuh **rawuh** ingkang wonten nggriya namung kula piyambak.

6. Pak Dhukuh boten **kersa** ngentosi **konduripun** Bapak.
7. Pak Camat boten namung **njenengi**, nanging ugi tumandang sesarengan para warga dhusun.
8. Ingkang sami gugur gunung dèrèng sami wangsul, Pak Bupati **rawuh** ngasta nyamikan kanggé para ingkang sami gugur gunung punika.

VI. Wacanen kang patitis, banjur tembangna bebarengan!

Modèrnisasi Désa (Pelog pathet nem)

Ayo ayo kanca tilingena kanca piyarsakna
énggal katindakna

Désa kuwi wit kuna wis mesthi tansah dadi objèk ning saiki
ganti

Modèrnisasi désa pembangunan bangsa ya tegesé kuwi ca
kudu dadi subjèk mèlu nemtokaké

ing bab politik ékonomi lan sosial
lan kabudayan duwé oto aktipitas

mrih kang tundoné kanggo mbrastha pengangguran

Modèrnisasi désa, modèrnisasi désa

Modèrnisasi désa se-Indonésia.

Wulangan ka-12

I. A. Wacanen batin!

Palang Merah Indonesia



Ing saenggen-enggen ing saurutipun margi ageng wonten pos, namanipun pos PPPK. PPPK punika cekakanipun tembung Pertolongan Pertama Pada Kecelakaan. Tegesipun, pitulungan ingkang sipatipun namung kanggé sawetawis wekdal, sadèrèngipun kurban angsal pitulungan ingkang langkung murwat.

Mila leres sanget déné ing saenggen-enggen ing saurutipun margi ageng punika dipun degi Pos PPPK. Awit, ing margi ageng asring sanget wonten kacilakan. Kathah kémawon kurbaning kacilakan ingkang tiwas namung jalaran boten énggal

angsal pitulungan. Kosok wangsulipun, ugi boten sekedhik kurbaning kacilakan ingkang nandhang tatu awrat nanging boten ngantos tiwas jalaran énggal angsal pitulungan.

Pos PPPK punika ingkang ngedegaken bebadan utawi kempalan, namanipun Palang Merah Indonesia kacekak PMI. Mila, Pos PPPK punika ugi nganggé lambangipun PMI, inggih punika palang warni abrit ing sanginggilipun dhasar warni pethak.

Palang Merah Indonesia utawi PMI punika punapa?

Palang Merah Indonesia punika bebadan utawi kempalan ingkang ngayahi pakaryan prakawis kamanungsan, prakawis tetulung dhateng sesami. Ing mangsa perang, Palang Merah Indonesia tetulung dhateng para prajurit ing paprangan ingkang sami nandhang tatu. Ing salebetipun tetulung punika, PMI boten mbédak-mbédakaken antawisipun prajuriting mengsah lan prajuritipun bangsa piyambak.

Sapunika sampun boten wonten perang. Sapunika PMI tetulung dhateng soksintena ingkang nandhang ribed utawi kasangsaran jalaran wontenipun paceklik, pagebluk, pagering, utawi wonten bencana alam. Ing salebetipun tetulung, PMI boten mbédak-mbédakaken bangsa, agami, punapa déné kapitadosanipun ingkang dipun pitulungi.

Yektosipun, ing negari-negari sanès ugi wonten kempalan Palang Merah, kados déné Palang Merah Indonesia ing Indonésia punika. Wondéné mula bukanipun wonten kempalan Palang Merah punika cariyosipun mekaten.

Ing negari Swis wonten nèm-nèman nama Henri Dunant. Tiyang sepuhipun Henri Dunant punika sudagar sugih. Kajawi bandha, Henri Dunant tampi warisan saking tiyang sepuhipun arupi watak remen tetulung dhateng sesami. Ing satunggaling dinten Henri Dunant kekésahan ngurus barang daganganipun. Lampahipun Henri Dunant nglangkungi papan tilas ajanging paprangan. Ing ngriku Henri Dunant mireng swara pating gle-reng saha swara pisambatipun tiyang nedha tulung. Sareng dipun tilingaken lan dipun celaki tetéla ingkang sambat-sambat nedha tulung punika prajurit ingkang nandhang tatu ingkang katilar ing kancanipun. Sok ugi, prajurit-prajurit punika dipun kinten ing kancanipun sampun dumugi ing tiwas. Sumerep

kedadosan ingkang ngeres-eresi punika, Henri Dunant lajeng nglempakaken tetiyang ing sakiwatengenipun tilas ajanging paprangan punika. Tiyang-tiyang punika, jaler estri, ageng alit, enèm sepuh sedaya kapurih nulungi para prajurit ingkang sesambat punika. Awit wontenipun pitulungan punika, kathah prajurit ingkang lajeng luwar saking panandhang.

Wangsul dhateng negarinipun, Henri Dunant lajeng ada-ada ngedegaken kempalan ingkang ancasipun tetulung dhateng sesami ingkang nandhang kasangsaran. Salajengipun, Henri Dunant lajeng ajak-ajak bangsa sanès ngedegaken bebadan ingkang ancasipun tetulung dhateng sesami punika. Ada-adanipun Henri Dunant dipun sarujuki bangsa-bangsa sanès ingkang sami ngawontenaken sarasèhan ing kitha Jenewa. Kanggé ngémot-émot saha kanggé mahargya ada-adanipun Henri Dunant saha bangsa Swis punika, kempalan wau migunakaken lambang palang warni abrit tumumpang ing dhasar warni pethak, walikanipun gendèranipun bangsa Swis, inggih punika palang warni pethak ingkang tumumpang ing dhasar warni abrit.

B. Wangsulana kang patitis!

1. PMI kuwi cekakané tembung apa?
2. Apa ancasé PMI?
3. Généya PMI ngedegaké pos-pos PPPK ing sauruting dalan gedhé?
4. Saben taun PMI nganakaké Bulan Dana PMI. Ing sajroné Bulan Dana PMI kuwi PMI nglumpukaké sumbangan saka para dermawan. Sumbangan kuwi kanggo apa?
5. Sapa sing pantes sinebut dadi bapaké Palang Merah lan Palang Merah Indonesia?
6. Saka wong tuwané, Henri Dunant éntuk warisan apa?
7. Warisan sing endi sing njalari Henri Dunant dadi kondhang ing saindenging bawana?

II. Tuladha:

PMI tetulung dhateng soksintena ingkang mbetahaken pitulungan.

A. *Ceceg-ceceg ing ngisor iki isenana tembung sing cocog sing cumawis ing ngisor!*

1. Mireng pisambatipun para prajurit punika, Henri Dunant ... manahipun.
2. Tiyang punika sugih, nanging boten gadhah raos ... sekedhik-kedhika dhateng tiyang ingkang kekirangan.
3. Wiwit alit, laré kedah dipun predi gadhaha raos ... dhateng sesaming agesang.
4. Pandhawa punika gegambaripun tiyang ingkang remen dhateng
5. Prabu Yudhisthira ratu ..., bèrbudi bawaleksana.

- | | |
|----------------|----------|
| a. ambèk darma | d. welas |
| b. trenyuh | e. asih |
| c. kadarman | |

B. *Tembung-tembung ing ngisor iki gawénen ukara sing luwes!*

- | | |
|-----------------|------------------|
| 1. drengki | 6. piwales |
| 2. mentalan | 7. kasaénan |
| 3. welasan | 8. kecingkrangan |
| 4. pangalembana | 9. welas-asih |
| 5. tanpa pamrih | 10. dana driyah |

III. A. Tuladha:

1. a. PMI (tulung) marang sapa baé sing perlu ditulungi.
b. PMI **tetulung** marang sapa baé sing perlu ditulungi.
2. a. Coba tilingna, sapa sing (tulung) kaé!
b. Coba tilingna, sapa sing **tulung-tulung** kaé!
3. a. Mengko yèn ana sing (celuk) kélangan, kandhanana yèn sing nemu aku!
b. Mengko yèn ana sing **celuluk** kélangan, kandhanana yèn sing nemu aku!

Tembung-tembung njero kurung ing ngisor iki rimbagen dwipurwa, dwilingga, utawa dwiwasana kaya tuladha ing dhuwur!

1. Bebasan (kudhung) lulang macan, tegesé nganggo jenengé panggedhé utawa wong kang kuwasa.
2. Olèhé (sumbar) kaya bisa-bisaa mutung wesi gligen.
3. Kurang sesasi anggoné duwé gawé, dhèwèké wis (cawis) kebutuhané wong (mantu).
4. Swara (gereng) kuwi swarané para prajurit, padha (sambat) njaluk tulung.
5. Kowé kok isih (takon) baé, apa durung mudheng?
6. Awaké kuru, sandhangané (comprèng).
7. (adoh) dakgolèki, bareng ketemu jebul nambuhi.
8. Nangis sekésuk ora (meneng), (meneng) bareng dicekeli dhuwit.
9. Kéné, (lungguh) kéné, dakcritani lelakonku dhèk wingi.
10. Sapa sing geguyon pating (cekak) kaé?

B. Tuladha:

1. Aja dhemen **kekudhung** lulang macan.
kekudhung = nganggo kudhung
2. **Adoh-adoh** dakgolèki, bareng ketemu jebul nambuhi.
adoh-adoh = sanajan adoh

Mara tembung-tembung dwipurwa lan tembung-tembung dwilingga ing ngisor iki terangna tegesé, kaya tuladha ing dhuwur!

1. Pitikku **lemu-lemu** tur **waras-waras**.
2. Gambar iki, **ala-ala** gambaranku dhéwé.
3. Nyai Madurasa kuwi **lelurahé** para juru masak.
4. **Sugih-sugihé** wong ing désaku kuwi Pak Pujahartana.
5. **Wani-waniku** rong atus èwu, punjul saka kuwi aku ora wani.
6. Kowé kok ora **mangkat-mangkat** kuwi ngentèni apa?
7. Pituturmu kuwi bisa mbirat **pepetenging atiku**.
8. Kowé kok **ongap-angop** baé, lara apa ngantuk?

IV. Pethikan ing ngisor iki tulisen nganggo aksara Jawa!

Wangsul dhateng negarinipun, Henri Dunant lajeng ngedegaken kempalan ingkang ancasipun tetulung dhateng sesami ingkang nandhang papa. Salajengipun, Henri Dunant lajeng ajak-ajak bangsa sanès ngedegaken bebadan ingkang ancasipun tetulung dhateng sesami punika. Ada-adanipun Henri Dunant punika dipun sarujuki bangsa-bangsa sanès ingkang sami ngawontenaken saraséhan ing kitha Jenewa.

V. Tuladha:

1. **Kotulungana** ora-orané ketrima, wong dhèwèké kuwi ora nitèni kabecikaning liyan.
kotulungana = **sanajan** kotulungi
2. Rong dina iki **teranga** ya, karebèn tamu-tamuné Bapak mengko ora kodanan.
teranga = **muga-muga** terang
3. **Muliha** wingi, aku isih menangi sugengé Simbah.
muliha = **upama** mulih

Tembung-tembung sambawa ing ngisor iki terangna tegesé, kaya tuladha ing dhuwur!

1. **Adusa** yèn ora sabunan mangsa resika.
2. **Dakparanana** ésuk mau, saiki wis kena dakenggo.
3. Tekan kana mengko aku **ketemu**a Pakdhé ya, aku arep matur werna-werna.
4. **Kopakanana** yèn ora kocepaki banyu, sida mati tenan pitikmu mengko.
5. **Pintera** yèn nakal mangsa disenengana kanca.
6. **Duwéa** dhuwit, kowé mesthi dakuruni.
7. **Ngertia** yèn kowé arep rana, aku ora réné.
8. **Kepethuka** nyang dalan ya, karebèn rada ngirit lakuku.
9. **Sinaua** yèn karo guyon mangsa bisaa klebu.
10. **Dakkumbaha** wingi, saiki wis garing.

IV. Wacanen kang patitis!

Tamanku

Swara kumrosak tekaning udan,
lir rota-danawa krura,
tamanku rurah sinerang jawah,
angin tan kari, ambarung wani.

Pajar rahina tandya sun mara,
mring taman adi kudu ayun wrin,
manawa ana kang puspa wreksa,
ambruk tinerak ing punang angin,
gé-agé arsa sun benakena.

Kadya nemu emas sawukir,
uning kang taman sagebyar nétra,
datan rusak,
puspa warna éndah mranani,
nyebar ganda amrik awangi,
sun milang-milang lega ing ati.

Nanging ing pojok kana ...,
aduh ..., melathiku ...,
tinemu ambruk lir tanpa daya,
atiku njola datan kanyana,
lamun melathi pepujan mami,
rinenggut wani déning prahara.

Kaya ngapa rempuning ati,
mitra bisa anggagapi,
barang kang dèn keni-keni,
durung tutug dinarbénan,
temah angles angoncati.

Mula, o janma ...,
ywa sigra-sigra;
Lamun rumangsa begja kang slira,
bungah kepati lali ing dhiri,

samangsa lagya kena ing coba,
ngresah rumangsa apes priyangga.

(Medan Bahasa – Basa Jawi, Nomer 9, Taun II)

Kapustakan

Garan Pangracikipun Buku Kridha Basa SMP

Poerwadarminta, W.J.S. 1939. *Baoesastra Djawa*. Groningen. Batavia: J.B. Wolters' Uitgevers Maatschappij N.V.

Prawito Atmodjo, S. 1987. *Bausastra Jawa*. Surabaya: Yayasan "Djojo Bojo".

Kementerian "Pengadjaran, Pendidikan dan Keboedajaan" 1946. *Karti Basa*. Djakarta: Kementerian "Pengadjaran, Pendidikan dan Keboedajaan".

Poerbatjaraka, R.M.Ng. Prof. Dr. 1964. *Kapustakan Djawi*. Djakarta: Penerbit Djambatan

Ras, J.J. Dr. 1985. *Bunga Rampai Sastra Jawa Mutakhir*. Jakarta: Grafitipers.

Suripan Sadi Hutomo 1985. *Guritan* Antologi Puisi Jawa Modern (1940 – 1980). Jakarta: PN Balai Pustaka

Bagian Bahasa Djawatan Keboedajaan Kementerian P.P.K 1958. *Medan Bahasa Basa Djawi Nomer 11 Taun III*. Djakarta: Bagian Bahasa Djawatan Keboedajaan Kementerian P.P.K.

Hadiwidjana, Ki. 1953. *Sastra Gita Witjara* Djilid 1. Jogjakarta: Dwidaja.

Dalil Prawirodiharjo. *Paribasan*. Jogjakarta: Penerbit Spring.

Padmosoekotjo, S. 1953. *Ngèngrèngan Kasusastran Djawa*. Jogjakarta: Penerbit Soejadi.

Padmosoekotjo, S. 1967. *Sariné Basa Djawa*. Djakarta: PN Balai Pustaka.

Poedjowardojo, S dan Hadidjaja, T. 1958. *Petikan Mantja Warna*. Bandung, Djakarta: Penerbit "Ganaco" N.V.

Prawirodihardjo, S. 1957. *Burat Sari*. Djakarta: N.V. Harapan Masa.